


KUUYA KWAKAITA NGIROZI

KWANDIRI, NEKURAIRA KWAYO

 Uye hama zvichida dziri. . . Ndiri kuona matepi rekodha akawanda zasi kuno, uye acharekodha izvi, chokwadi chaizvo. Chero nguva yamunoda kuziva kuti Mweya Mutsvene wakati kudii kwamuri, onai hama dziri pano dzine matepi rekodha aya, vanokwanisa kuzviridza zvakare, unogona kuwana nyaya yako nemazvo. Uye tarisai uye muone kana zvikasaitika chaizvoizvo nenzira yaWakataura, munoona. Mukazvinzwa zvichiti “ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Chimwe chinhu, kana kuti *ichi* chiri nenzira *iyi*,’” kana kuti ingozviongororai moona kuti ndizvo here kana kuti kwete. Maona? Zvinogara zvakadaro.

² Zvino, kungopa kanheyo kadiki. . . Uye ndiri kuti farei manheru ano kuti panongova nevashoma vedu pano. Tinongova vanhu vepano, hatisi here? Hatisi, hapana kana mumwe wedu, muenzi. Hati. . . Ndinogona kungoshandisa matauriro angu ekuKentucky uye ndonzwa kusununguka kwazvo zvino, nekuti tiri—tiri kungo. . . Uye handisi kuzvidza Kentucky zvino, kana paine mumwe zvake pano anobva kuKentucky. Aripo here pano anobva kuKentucky? Simudza ruoko rwako. Veduwee! Ndinofanira kunzwa kusununguka chaiko, handifanire here? Zvakanaka chaizvo.

³ Mai vangu vaiva nebhizimu reimba yaiuya kuzogara vanhu. Zvino ndakaenda zasi ikoko rimwe zuva kunoona. . . Kwakanga kune boka guru revarume vaigarapo, uye netafura huru, refu yakagadzirwa. Zvino ini ndakati, “Vangani vari pano vanobva kuKentucky, simukai.” Munhu wese ndokusimuka. Zvino ndakaenda kuchechi manheru iwayo, kuchechi kwangu, uye ndikati, “Vangani pano vanobva kuKentucky?” Munhu wese ndokusimuka. Saka ndaiti, “Zvino, zvakanaka zvikuru.” Mamishinari vakaita basa rakanaka, saka tinotenda zvikuru nekuda kwazvo.

⁴ Zvino, muBhuku raVaRoma, chitsauko 11 ndima 28. Nyatsotererai zvino pakuverengwa kweMagwaro.

Maringe neevhangeri, ivo vavengi nokuda kwenyu: asi kana zviri zvekusanangurwa, vadikanwi va. . . nokuda kwemadzibaba.

Nokuti zvipo nokudana zvaMwari hazvinei nekutendeuka.

⁵ Ngatinamatei. Ishe, tibatsireiwo manheru ano patiri kusvika kune izvi mukuremekedza, nemoyo yedu yose, mukuperera, zvinhu izvi zviri kutaurirwa chete kubwinya kweNyu. Zvino

ndibatsirei, Ishe, uye mungoisa mupfungwa dzangu zvinhu bedzi zvinofanira kutaurwa uye kuti zvingani zvinofanira kutaurwa. Ndimisei kana nguva yeNyu yakwana. Ndinokumbira kuti moyo wese ugamuchire zvinhu izvi kuitira kubatsira vanorwara nevanoshaya vari muungano ino. Nekuti ndinozvokumbira muZita raJesu Kristu. Amen.

⁶ Zvino, ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo ichi patingori vashoma. Uye—uye ndichaedza kusakuchengetai kwenguva yakarebesa, ndichaisa wachi yangu apa ndoedza nepandinogona napo zvino kuti ndikubuditse nenguva yakanaka kuitira kuti mugodzoka mangwana manheru. Zvino, ivai mumunamato. Handifunge kuti mukomana atombopa makadhi. Handina kumbombvunza kana iye... Uye kana vasina kana kuti kunyangwe vadaro kana vasina, hazvina basa. Tine makadhi muno zvakadaro kana tichifanira kuzodana mamwe. Saka, kana zvisina kudaro, zvinoka, tichangoona zvinotaurwa neMweya Mutsvene.

⁷ Zvino, kana mukanyatsoteerera... Zvino, izvi zvinogona... nokuti ini... Tinongova vashoma vedu pano, inguva yakanaka yekutaura izvi, nekuti zvine—zvine chekuita neni pazvima. Uye ndicho chikonzero ndaverenga Gwaro iri manheru ano, kuti muone kuti zvipo nekudanwa hazvisi kana chinhu chekuti ani zvake anganzi anokodzera.

⁸ Pauro achitaura pano, akati, “MaJudha, kana zviri zveEvhangeri, vakapofomadzwa uye vari kure naMwari, kuti, zvinakire isu.” Asi ndima iri kumashure kweiyoyo, yakati, “Israeri yose ichaponeswa.” Israeri yose ichaponeswa. Maringe nekusanangura, Mwari Baba vakavada zvino ndokuvapofomadza kuti isu Marudzi tive nenzvimbo zvino yekutendeuka, kuti, kubudikidza naAbrahama, Mbeu dzake dzigokwanisa kuropafadza pasi rose zvichienderana neShoko raVo. Munoono here kuti kuzvitongera kwaMwari kwakadii? Shoko raVo rinotongofanira kuva. Havatongokwanisi kuva chimwewo chinhu. Uye zvino isu, ne... Mwari vakatisanangura; Vakasanangura muJudha; uye Vari... .

⁹ Zvinhu zvose izvi kufanoziva kwaMwari. PaVakataura nezvazvo izvozvo zvaizovapo, Vakafanozviziva. Zvino, Mwari, kuti vave Mwari, pamavambo Vaifanira kuziva magumo kana kuti Vaisava Mwari vasina magumo. Mwari havadi kuti chero ani zvake aparare. Zvirokwazvo kwete! Havadi kuti chero ani zvake aparare. Asi pakutanga kwemavambo emazuva, nyi—nyika, Mwari vainyatsoziva chaizvo kuti ndiani aizoponeswa uye kuti ndiani aisazoponeswa. Vakanga vasingadi kuti vanhu varasike, “Hakusi kuda kwaVo kuti chero ani zvake arasike, asi kuda kwaVo kuponesa munhu wese,” asi Vaiziva kubva pamavambo kuti ndiani aizodaro uye ndiani aisazodaro. Ndicho chikonzero Vaigona kufanotaura kuti, “Chinhu *ichi* chichaitika.

Chinhu *icho* chichaitika,” kana, “*Ichi* chichava *icho*. Munhu *uyu* achava *zvakadai*.” Maona?

¹⁰ Vaigona kufanozviziva nekuti haVana magumo. Kana muchiziva zvazvinoreva, ndizvo chete, “hapana chinhu chaVasingazive.” Munooona, Vanoziva. Zvinoka, hakuna chinhu kusati kwava nenguva, uye mushure apo pasisina nguva, munooona, Vanotongoziva zvese. Zvinhu zvese zviri mupfungwa dzaVo. Uye zvakare saPauro akati muna VaRoma, chitsauko 8 ne 9, “Zvino sei Vachiri kuwana mhosva?” Saka tinoona kuti, asi Mwari. . .

¹¹ Sekuparidza Vhangeri. Mumwe munhu akati, “Hama Branham, munoZvitenda here?”

Ndikati, “Hona.”

Akati, “Munofanira kunge muri muCalvinisti.”

Ndikati, “Ndiri muCalvinisti chero bedzi muCalvinisti ari muBhaibheri.”

¹² Zvino, pane bazi paMuti, rinova chiCalvinism, asi pane mamwewo mapazi akawanda paMuti uyu, zvakare. Muti une mapazi anopfuura 1. Aingoda kuzviendesa kunze uko muChengetedzo Yekusingaperi, uye mushure mechinguva unozogumira wapinda muUniversalism uye wonodonhera kunze uko kune imwe nzvimbo, hapana magumo kwazviri. Asi kana wapedza neCalvinism, dzoka wotanga paArminianism. Munooona, pane rimwewo bazi paMuti, nerimwezve bazi paMuti uyu, chingoramba uchienda. Chinhu chose pamwe chete chinogadzira Muti. Saka ndinotenda mu—mu... muchiCalvinism chero bedzi chichingogara muMagwaro.

¹³ Uye ndinotenda kuti Mwari vakaziva nyika isati yavambwa, vakasarudza Chechi yaVo muna Kristu, uye vakauraya Kristu nyika isati yavambwa. Rugwaro rwunotaura kudaro, “Aiva Gwayana raMwari rakabayiwa kubva pamavambo enyika.” Maona? Uye Jesu akataura kuti Akatiziva nyika isati yavambwa, Pauro akataura kuti, “Va—Vakatiziva uye vakafanotitemera kuitwa vana kubudikidza naJesu Kristu nyika isati yatombovapo.” NdiMwari avo. Ndivo Baba vedu. Maona?

¹⁴ Saka usanetseke, zvinhu zviri kunyatsofamba zvakanaka, zvinhu zvese zviri kuuya nenguva yazvo. Nyaya yega iripo, ndeyekuti, pinda mumafambiro ezvinhu. Uye ndicho—ndicho chikamu chakanaka pazviri, unobva waziva mashandiro acho kana uchipinda mumafambiro azvo.

¹⁵ Zvino, cherechedzai zvino, “Zvipo nekudanwa pasina kutendeuka,” ndiyo nzira bedzi yandingagona—ndingagona neMagwaro kuisa panzvimbo kudanwa kwangu munaShe. Uye ndichivimba kuti ndine shamwari manheru ano dzichanyatsozvinzwisisa uye dzisingazofunga kuti ndezvangu

pachangu, asi kuti muve nekunzwisisa uye nokuziva izvo chaizvo zva—zvatakaurwa naShe kuti Vaizoita, uye mowana chimwe chinhu chichifamba zvino mobva matevera machiri.

¹⁶ Zvino, pakutanga, chinhu chekutanga chandinogona kurangarira chiratidzo. Chinhu chekutanga chandinogona kurangarira mupfungwa dzangu chiratidzo chandakapihwa naShe. Uye aiva makore mazhinji, kwazvo akapfuura, ndaiva kamukomana kadikisa. Uye ndakanga ndine dombo muruoko rwangu.

¹⁷ Zvino, ndiregerereiwo, ndinogona kurangarira pandakanga ndakapfeka rokwe refu. Handizive kana imi (chero imi mose) makura zvekurangarira apo vakomana vadiki vaipfeka marokwe marefu. Vangani vari muno vanorangarira vana pavaipfeka, hongu, marokwe marefu? Zvino, ndinogona kurangarira, mukamba kangu kekare ikoko kwataigara, ndaikambaira pasi. Uye aiva mumwe munhu, handizive kuti ndiani, akapinda. Zvino Amai vakanga vaisa karibhoni ka—kadiki kebhururu murokwe rangu. Zvino ndakanga ndisingatongogone kufamba. Asi ndaikambaira ipapo, zvino ndakaisa munwe wangu mumazaya echando patsoka dzavo, zvino ndichidya chando ichi kubva patsoka dzavo vamire padivi pechoto, vachidziya. Ndinorangarira amai vangu vachindisimudza nekukasika nekuda kwazvo.

¹⁸ Zvino chinhu chinotevera chandinorangarira, anofanira kunge aiva makore 2 anotevera, ndaiva nedombo diki. Zvino zvaindiita kuti ndinge ndine makore anenge 3 ekuberekwa, uye munin'ina wangu ipapo angadai aive asati atombonyatsosvika makore 2 okuberekwa. Saka tainge tiri kunze kuchivanze chekuseri uko kwaingova nenzvimbo inotemerwa huni kwavaisiuya nehuni vachitema huni. Vangani vanorangarira mazuya iwayo pamaiunza huni kuseri kwechivanze modzitema? Ko ndasungireiko tayi manheru ano? Ndi—ndiri kumba chaiko.

¹⁹ Zvino pavai. . . Kunze ikoko munzvimbo yekare yekutemera huni maiva nekakova kadiki kaidzika zasi uko, kaibva pachitubu. Taiva nemukombe wekucheresa mvura wekare kumusoro ikoko pachitubu kwataichera mvura yedu zvino toyiisa muchirongo chekare, muchirongo chemusidhari chekare, todzika nayo zasi.

²⁰ Ndinorangarira pandakapedzisira kuona ambuya vangu vaduku, vakwegura vasati vafa, vakanga vaine makore 110 ekuberekwa. Zvino pavakafa, ndakavasimudza mumaoko angu ndokuvabata sezvizvi vasati vafa. Vakandimbundira nemaoko avo, ndokuti, “Mwari varopafadze mweya wako, mudikani, zvino nekusingaperi,” pavakafa.

²¹ Uye handifunge kuti mudzimai uyu akambovawo neshu—shangu dzinonzi dzake, muhupenyu hwake. Uye ndinorangarira ndichivatarisa, uye kunyange pandainge ndichiri jaya,

ndaizika kunovaona, mangwanani ega-ega vaimuka, vasina shangu, uye vopinda nemuchando ichocho kusvika kuchitubu, votora mugomo wemvura vodzoka, tsoka dzavo dziri imomo chaimo. Saka hachikukuvadze, vakararama kusvika vava ne110. Saka (hongu, changamire) vakanga vakagwinyawo, zvikuru kwazvo, zvakare.

²² Saka zvino ndinorangarira kuti vaizondiudza nezvema marble ababa vangu avaitamba nawo vachiri mukomana. “Uye chembere iyi yekare inonzwisa urombo,” ndakafunga, “vachakwira sei muimba yepamusoro iyoyo?” Kachitumba kadiki, kekare kane makamuri 2, uye kaiva nekamuri yepamusoro ipapo. Zvino vakanga vakacheka zvimiti 2, zvikagadzira nemanera, ekuti vakwire. Saka, ndakati. . .

²³ Saka, zvino, vakati, “Zvino, mushure mekudya kwemasikati ndichakuudza, ndichakuratidza mamarble ababa vako—vako.”

Ini ndikati, “Zvakanakai.”

²⁴ Saka vakanga vari kuzoaraidza kwandiri, mutirangi muimba yekumusoro kwavainge vakarongedzera zvinhu zvavo zvinoitwa nevanhu vechikuru. Uye ndakafunga, “Ko chembere inonzwisa urombo iyo ichakwira manera ayo sei chaizvo-izvo?” Saka ndakasvika paya ndokuti, “Ambuya,” ndikati, “zvino, mirai, mudikani, ndichakwira kumusoro uko ndokubatsirai.”

²⁵ Vakati, “Mira parutivi.” Havo ndokukwira manera iwayo setsindi. Vakati, “Zvino, chiuyaka!”

Ini ndikati, “Ehoi, Ambuya.”

²⁶ Ndakafunga, “Oo, ini zvangu, kana ndikangokwanisa kuva saizvozvo, simba rakawanda kudaro riri mandiri pamakore 110 okuberekwa!”

²⁷ Zvino, manje ndinobva ndararangarira ndiri pachitubu chidiki chekare ichi, uye ndaiva nedombo uye ndakanga ndichirikandira pasi saizvozvo, mumatope, ndichiedza kuratidza munin’ina wangu mudiki kuti ndainge ndakasimba zvakadini. Zvino paiva neshiri yainge yakagara kumusoro mumuti zvino ichirira, ichingodaro, kadhimba kadiki kana kamwewo. Zvino, kadhimba kadiki, ndakafunga kuti kakataura neni. Zvino ndakacheuka ndokuteerera, shiri ndokubhururuka ichienda, zvino Inzwi ndokuti, “Uchagara chikamu chikuru chehupenyu hwako pedyo neguta rinonzi New Albany.”

²⁸ Anova mamaira 3 kubva kwandakurira. Ndakaenda, rinenge gore rakatevera, kunzvimbo yacho, ndisina kana pfungwa yekumboendako. . .New Albany. Mukufamba kwehupenyu, kuti zvinhu izvozvo. . .

²⁹ Zvino, honai, vanhu vekwangu vakanga vasinganamate. Baba namai vangu vaisaenda kuchechi. Kumashure kwacho, vaimbova maKatorike.

³⁰ Muzukuru wangu mudiki agere muno pane imwe nzvimbo manheru ano, ndinofunga kudaro, handizive. Musoja. Ndiri kumunamatira. Iye muKatorike pachake, achiri muKatorike. Zvino manheru apfuura, paakanga ari pano ndokuona zvinhu izvi zvaMwari, ainge akamira ipapo chaipo papuratifomu. Akati, akamira ipapo, ndokuti, “Sekuru Bill?” Anga ari mhiri kwemakungwa kwenguva yakareba, akati, “Pandakaona izvozvo...” Akati, “Izvozvo—izvozvo hazviitike muchechi yeKatorike.” Akati, “Izvozvo...Ndi—ndinotenda, Sekuru Bill, munotaura chokwadi imi,” akadaro.

³¹ Zvino saka ndakati, “Mudikani, handisi *ini* ndinotaura chokwadi, ndiVo vanotaura chokwadi. Munoono, *ndiVo* vanotaura chokwadi.” Uye saka akati iye...Ndakati, “Zvino, handisi kukuti uite chimwe chinhu, Melvin, asi ingoshumira Ishe Jesu Kristu nemoyo wako wese. Iwe enda chero kwaunoda. Asi iva nechokwadi chekuti mumoyo mako Jesu Kristu azvarwa patsva, unoono, mumoyo mako. Zvadaro woenda kuchechi ipi zvayo yaunoda mushure maizvozvo.”

³² Zvino, asi vanhu vakanditangira vaiva maKatorike. Baba vangu muIrish uye amai vangu vaiva muIrish. Musanganiswa wega uripo muropa rechiIrish iri, ambuya vangu vaiva muIndia muCherokee. Amai vangu vakaberekwa nemarudzi maviri akasiyana. Uye saka zvino ini...kwandiri, ndechangu...chizvarwa chedu, mushure mechечи 3 wakabva wapera. Asi ndiwo musanganiswa wega pakuva muIrish akazara, Harvey naBranham ndiro raive zita. Uye shure kwairoro raiva Lyons, rinova rechiIrish zvakare. Uyezve vose vakanga vari maKatorike. Asi ini pachangu, takanga tisina kurairwa mukunamata kana dzidziso zvachose, sevana.

³³ Asi zvipo izvozvo, zviratidzo zviya, ndakaona zviratidzo ipapo zvimwe chete sezvandi kuita iko zvino, ndizvo chaizvo, nekuti zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka. Kufanoziva kwaMwari, Mwari vachiita chimwe chinhu. Mukufamba kwehupenyu ndaitya kutaura kana chinhu pamusoro pazvo.

³⁴ Makaverenga nyaya yangu mubhuku duku rinonzi *Jesu Kristu Mumwe Chete Zuro, Nhasi, Nokusingaperi*. Ndinofunga kuti iri mune mamwe emabhuku, mamwe aya. Ndizvo here, Gene? Iri mune iri, bhuku remazuva ose—remazuva ose, mu—mubhuku ratinaro zvino? Asi kuti, *iTsananguro Yehupenyu?* Ndinofunga kuti ndiro. Zvino patakanga tine...Hazvinyadzise here? Mabhuku angu ini, asi handisati ndamboaverenga, pachangu. Asi mumwe munhu anoanyora, saka chinongova chimwe chinhu chavakatora mumusangano. Ndakapfuudzwa nemune izvozvo, saka ndiri kutsvaga chimwe chinhu nguva dzose kuti chiiitike. Saka, zvino, akanaka, ndakaverenga zvikamu zvawo zvino, pano nepapo, pandinongowana mukana.

³⁵ Uye zvino, zvakadaro, semu—semukomana mudiki,

munoziva chiratidzo kuti chakataura sei kwandiri, ndaiva nemakore angaita 7, ndokuti, “Usanwa kana kuputa kana kusvibisa muviri wako neimwe nzira, pachava nebasa rauchaita kana wakura.” Uye makazvinzwa zvichitaurwa mubhuku. Zvinoka, ndizvozvo chaizvo. Nguva dzese zvakaramba zvichiitika.

³⁶ Pandakazova mushumiri, zvinoka, zvakabva—zvakabva zvanyatsotanga kuitika nguva dzese.

³⁷ Zvino humwe husiku ndakaona Ishe wedu Jesu. Ndiri kutaura izvi nemvumo, ndinotenda, kubva kuMweya Mutsvene. Ngirozi yaShe inouya iyi havasi Ishe Jesu. Haitaridzike saVo muchiratidzo chimwe chetecho. Nekuti, chiratidzo chandakaona chaIshe Jesu, Vakanga vari Murume ane mumhu mudiki. Vakanga vasiri...Ndakanga ndiri kunze uko mumunda, ndichinamatira baba vangu. Zvino ndakadzoka ndikaenda pamubhedha, zvino husiku ihwohwo ndakavatarisa ndikati—ndikati, “O Mwari, vaponeseiwo!”

³⁸ Amai vangu vakanga vatoponeswa uye ndakanga ndavabhabhatidza. Ndakabva ndafunga kuti, “Oo, baba vangu vanonwa kwazvo.” Uye ndakafunga, “Dai ndaigona kungovaita kuti vagamuchire Ishe Jesu!” Ndakabuda, ndikanozvambarara zvangu pakamubhedha kadiki kakanga kari mukamuri yepamberi, pedyo nemusuwo.

³⁹ Zvino chimwe Chinhu chakati kwandiri, “Simuka.” Zvino ndakasimuka, ndikaenda ndichifamba, ndokuenda kuseri mumunda shure kwangu, munda wehuswa wekare.

⁴⁰ Uye ipapo, paive pakamira mafiti asingadariki 10 kubva pandiri, painge pakamira Murume; akapfeka nguwo chena, Muchinda ane mumhu mudiki; akanga ane maoko aKe akapetwa sezvizi; ndebvu, dzakaita sepfupi; bvudzi rakadzika kusvika pamafudzi aKe; zvino Akanga akatarisa padivi kubva pandiri, saizvozvo; munhu aitaridzika kuva nerugare. Asi handina kukwanisa kuzvinzwisisa, kuti sei tsoka dzaKe, imwe iri kumashure kweimwe. Uye mhopo ichivhuvhuta, nguwo yaKe ichipeperewa, huswa huchipeperetswa.

⁴¹ Ndakafunga, “Zvino, mirai zvisihoma.” Ndakazviruma. Ndikati, “Zvino, handina kukotsira.” Zvino ndakadhonzera pasi, ndikatyora chimedu chidiki chehuswa ihwohwo, munoziva, ndakachiita sehekunon’onesa mazino. Ndakachiisa mumukanwa mangu. Ndikacheuka ndakatarisa kumba. Ndakati, “Kwete, ndanga ndiri umo ndichinamatira baba, zvino chimwe Chinhu chati huya kunze kuno, zvino hepano pamire Murume uyu.”

⁴² Ndakafunga, “Anotaridzika saIshe Jesu.” Ndakafunga, “Hameno kana zviru izvo?” Ainge akatarisa chaipo, pakanangana nepane imba yedu zvino. Saka ndakatenderera *neuku* kuti ndione kana ndaigona kuMuona. Zvino ndaiona

rutivi rwechiso chaKe saizvozvo. Asi iYe. . . Ndakatozotenderera *neuku* kuti ndiMuone. Ini ndikati, “Uhm!” Hazvina kana kumboMutsukunyutsa. Uye ndakafunga, “Ndinotenda kuti ndichaMudaidza.” Zvino ini ndakati, “Jesu.” Zvino paAkadaro, Akacheuka ndokutarisa saizvozvo. Ndizvo chete zvandinorangarira, Akangotambanudza maoko aKe.

⁴³ Hapana anodhirowa munyika angagona kupenda mufananidzo waKe, zvakaite chiso chaKe. Uri pedyosa wandati ndamboona ndeuya *Musoro waKristu paMakumi Matatu NeMatatu* waHofmann, ndinawo pamabhuku ese nezvose zvandinoshandisa. Imhaka yekuti unotaridzika saichocho, uye saka zvino. . . kana kuti uri pedyosa, pedyo chaizvo nacho.

⁴⁴ Aitaridzika sekunge, Munhu, wekuti Akataura, nyika yaizosvika kumagumo, asi zvakadaro aine rudo rukuru nemutsa kusvikira iwe—iwe. . . Ndakabva ndangodonha. Uye kwayedza, ndakazviwana ndava mukuyedza kwezuya, shati yepijama yakatota nemisodzi, pandakabengenuka, ndichifamba, nemumunda wehuswa, ndichidzokera kumba.

⁴⁵ Ndakazviudza mumwe mushumiri shamwari yangu. Akati, “Billy, Zvinokupengesa izvozvo.” Akati, “Ndidhiyabhore iyeye.” Uye akati, “Usatambe nechinhu chakadaro.” Ndaive mushumiri weBaptisti panguva iyoyo.

⁴⁶ Zvino, ndakaenda kune imwe shamwari yangu yekare. Ndakagara pasi ndokumuudza pamusoro paZvo. Ndikati, “Hama, munofungei pamusoro paZvo?”

⁴⁷ Akati, “Zvinoka, Billy, rega ndikuudze.” Akati, “Ndinotenda kana ukangoedza kuchengeta hupenyu hwako, chingoparidza zviru muBhaibheri umu, nyasha dzaMwari nezvimwe zvakadaro, handingabatikane nechimwe chinhu chinonakidza, chimwe chinhu chakadaro.”

⁴⁸ Ndikati, “Changamire, handireve kuti ndoda kutevera chimwe chinhu chinonakidza.” Ndikati, “Chinhu chete chandiri kuda kuyedza kuziva ndechekuti chimbori chii ichi.”

⁴⁹ Akati, “Billy, makore akapfuura vaiwanzova nezvinhu izvozvo mumachechi. Asi,” akati, “vaapostora pavakaguma, zvinhu izvozvo zvakaguma navo.” Uye akati, “Zvino chinhu chimwe choga chatinacho chino. . . chero mhando ipi yekuona zvinhu zvakadaro,” akati, “masvikiro, madhimoni.”

Ndakati, “O Hama McKinney, munorevesa here?”

Vakati, “Hongu, changamire.”

Ndikati, “O Mwari, ndinzwirei tsitsi!”

⁵⁰ Ndakati, “Ini—ini. . . Oo, Hama McKinney, munga—mungabatanawo neni here pakunyengerera kuti Mwari vasazombozvitendera kuti zviitike kwandiri? Munoziva kuti ndinoVada uye handidi kukanganisa muzvinhu izvi.” Ndakati, “Namatai neni.”

51 Vakati, “Ndichadaro, Hama Billy.” Uye saka takava nemunamato imomo chaimo mu—muimba yamufundisi.

52 Ndakabvunza vashumiri vakati wandei. Zvimwe chete zvaiuya. Zvadaro ndakazotyva kuvabvunza, nekuti vaizofunga kuti ndiri dhimoni. Saka nda—ndaisada kunge ndakadaro. Ndaiziva mumoyo mangu kuti chimwe chinhu chakaitika. Zvino, ndizvo zvega, pa—paiva nechimwe chinhu chakaitika mumoyo mangu. Uye ndaisada kuva saizvozvo, kwete.

53 Saka pamberi apo mukufamba kwemakore, ndakanzwa rimwe zuva zasi kuchechi yeFirst Baptist kwandakanga ndiri nhengo panguva iyoyo, ndakanzwa mumwe munhu achiti, “Nhai, waifanira kunge wakaendako unonzwa vaumburuki vatsvene ivavo manheru apfuura.”

54 Ini ndokufunga kuti, “Vaumburuki vatsvene?” Zvino imwe shamwari yangu, Walt Johnson, anoimba bhesi, zvino ndakati, “Chaiva chii ichocho, Hama Walt?”

Akati, “Rimwe boka remaPentekosti aya.”

Ndikati, “Chii?”

55 Akati, “MaPentekosti!” Akati, “Billy, kana ukamboona izvozvo,” akati, “vaiumburuka pasi saizvozvo uye vachisvetuka-svetuka.” Uye akati, “Vaiti ivo vanotofanira kuwawata neimwe mhando yendimi dzisingazivikanwe kana kuti ivo—ivo vanenge vasina kuponeswa.”

Ini ndikati, “Zviri kupi izvozvo?”

56 “Oo,” akati, “kamusangano kadiki kemutende rekare kunze uko, kune rimwe divi reLouisville.” Akati, “Vanhu vatema, chaizvoka.”

Ini ndikati, “Uh-huh.”

Zvino akati, “Kune varungu vakawanda ikoko.”

Ndikati, “Vakaiitawo izvozvo, zvakare here?”

Akati, “Hongu, hongu! Vakazviitawo, zvakare.”

57 Ndikati, “Zvinoshamisa, vanhu vanovhiringidzika mune zvinhu zvakadaro.” Ndikati, “Zvinoka, ndinofunga kuti tinofanira kuva nezvinhu izvozvo.” Mangwanani eSvondo, handife ndakazvikanganwa. Aidya chimechu cheganda rakaoma reranjisi kuitira mudumbu make maimunetsa, uye ndinogona kutozviona sekunge aive nezuro. Uye ndakafunga, “Kuwawata, kusvetuka-svetuka, imhandoi yezvitendero zvavachava nazvo mushure mazvo?” Uye saka nda—ndakapfuirira hangu.

58 Gare-gare kubva ipapo, ndakasangana nemumwe mutana zvichida ari muno muchechi zvino, kana kuti anga ari kuno kuchechi, ane zita rekuti John Ryan. Zvino ndakasangana naye pane imwe nzvimbo. . . Mutana ane ndebvu refu nevhudzi, uye anogona kunge ari pano. Ndaifunga kuti aibva kuBenton Harbor kumusoro kuno, paHouse of David.

⁵⁹ Uye vaive nenzvimbo muLouisville. Ndaiedza kutsvaga vanhu ivavo, zvino vaichidaidza kuti Chikoro cheVaporofita. Saka ndakafunga kuti ndaizoendako kunoona kuti chaive chii. Zvino, handina kuona munhu achiumburuka pasi, asi vaiva nedzimwe dzidziso dzisinganzwisike. Uye ndiko kwandakasangana nemutana uyu, akandikoka kuti ndiuye kumba kwake.

⁶⁰ Ndakaendako kuzororo. Uye ndaiveko rimwe zuva, ndikadzokera kumba kwake zvino akanga atoenda kare, uye akanga aenda kune imwe nzvimbo kuIndianapolis. Akati, “Ishe vakamudana,” mudzimai wake.

Ndikati, “Munoreva kuti makarega murume iyeye achingoenda saizvozvo here?”

⁶¹ Akati, “Oo, muranda waMwari!” Mudzimai uyu anonzwise urombo akafa mavhiki mashoma apfuura, ndakanzwa kudaro. Uye akanga akazvipira kwaari. Ini zvangu, ndiyo mhando yemudzimai yekuva nayo! Ndizvozvo chaizvo. Achinatsa kana kukanganisa, murume akangorurama zvakadaro! Ndakati... Saka, ndaiziva kuti ivo... .

⁶² Zvino ivo... Hama Ryan, muri pano here? Havapo pano. Vaivepo rimwe zuva, handizvo here, vakomana?

⁶³ Saka, vanongorarama nezvavanenge vawana izvozvo, zvino vakanga vasina chekudya mumba. Ndizvozvo. Zvino ndainge ndabata hove kubva muchidziva, kana kuti mudhamu, muMichigan, uye ndakadzoka zasi—uye ndakadzoka zasi kunzvimbo yacho. Zvino vakanga vasina kana mafuta enguruve ekubikisa mumba, kana mafuta akamboshanda, ekubikisa hove nawo. Ini ndikati, “Vakakusiyai musina kana chinhu mumba?”

Vakati, “Oo, asi muranda waMwari, Hama Bill!” Vakati, “Ivo... .”

⁶⁴ Uye ndakafunga, “Zvino, moyo wenyu wekare ngauropafadzwe. Hama, ndichamira nemi chaizvo.” Ndizvozvo chaizvo. “Munofunga zvakadaro pamurume wenyu, ndagadzirira kubatana uye nekumira nemi nekuda kwaizvozvo.” Ndizvozvo chaizvo. Tinoda madzimai akawanda akadaro nhasi, uye varume vakawanda vanofunga nezvemadzimai avo saizvozvo. Ndizvozvo. Ingava America iri nani kana varume nemadzimai vakabatana saizvozvo. Vachinatsa kana kukanganisa, garai navo. Hapaizova nekurambana kwakawanda.

⁶⁵ Saka ta—takaenda ku... Ndakabva ndapfuurira hangu. Zvino ndiri munzira yangu kuenda kumba, chakava chinhu chinoshamisa, ndakadzika ndichipfuura nekuMishawaka. Zvino ndakaona mota diki—diki dzekare zvino, dziri mumugwagwa, dzakanzi... zvinorwa zvikuru zviri padziri zvakanzi, “Jesu Chete.” Ndakafunga, “Ko chii... ‘Jesu Chete,’ zvinofanira kunge zviri zvekunamata.” Zvino ndakaenda neche uku uye hepano

mabhasikoro aiva nazvo pariri, “Jesu Chete.” MaCadillac, maModel-T Ford, zvese, “Jesu Chete” paari. Ndakafunga, “Saka, handizive kuti chii ichocho?”

⁶⁶ Saka ndakazvitevera; ndikatozoono kuti, waive musangano wekunamata, vanhu 1,500 kusvika 2,000 ipapo. Zvino ndakanzwa kudandizira kwese ikoko nekusvetuka-svetuka, nekuenderera. Ndakafunga, “Nhaika, pano ndipo pandichaona kuti vaumburuki vatsvene chii.”

⁶⁷ Saka ndaiva neFord yangu yekare, munoziva, yandaiti yayita mamaira 30 paawa, 15 *neuku* uye 15 kukwira nekudzika *neuku*. Saka ndakaimisa kune rimwe divi, ini. . . pandakawana nzvimbo yekupaka, ndokufamba ndichidzokera ndichidzika nemugwagwa. Ndakapinda, ndikatarisa-tarisa, uye munhu wese ainge akamira aigona kumira. Ndaitotarisa nepamusoro pemisoro yavo. Zvino vaizhambatata, nekusvetuka, nekudonha, nekuenderera. Ndakafunga, “Wuuu, uhm, nhai vanhu ava!”

⁶⁸ Asi pandairamba ndakamira ipapo, ndaitowedzera kunzwa zvakanaka. Ndakafunga, “Zvinoita sezvakaisvonaka.” Ndakafunga, “Hapana chakaipa nevanhu ava. Havapenge ava.” Ndakazotanga kutaura nevamwe vavo, saka ivo—ivo vaiva vanhu vakanaka. Saka ndakati. . .

⁶⁹ Saka, zvino, ndiwo musangano mumwe chete wandakabuda ndikagara husiku hwese husiku ihwohwo, zvino zuva rinotevera ndakapinda. Uye makandinzwa ndichizviture mutsananguro yehupenyu hwangu. Ndakanga ndiri papuratifomu nevashumiri 150, kana 200, uye pamwe kudarika, zvino vaida kuti munhu wese angosimuka ataure kwavaibva. Ini ndikati, “Muvhangeri William Branham, Jeffersonville,” ndikagara pasi, “Baptisti,” saka, ndakagara pasi. Mumwe nemumwe aitura kwavaibva.

⁷⁰ Saka mangwanani acho aitevera pandakapinda imomo. . . Ndakarara mumunda husiku hwese husiku ihwohwo, ndikadzvanyidzira mudhebhe wangu pakati pezvigaro 2 zveFord, munoziva, uye ini—ini. . . kamudhebhe kedorje kekare, kat-shati kadiki, munoziva. Saka mangwanani akatevera ndakaenda kumusangano, ndakapfeka kat-shati kangu kadiki. Ndakanga ndaenda. . .

⁷¹ Ndakanga ndisina kunze kwemadhora 3, uye ndaifanira kuwana peturu inokwana yekuenda kumba. Uye ipapo nda—ndakazviwanira mamwe mabhanzi, akaita seekare, munoziva, asi zvaive zvakandiringanira. Zvino ndakasvika pane imwe pombi, ndikazviwanira girazi remvura, munoziva, uye ainaka chazvo. Saka ndakanga ndaanyorovesa zvisvishoma, uye ndikava nekudya kwemangwanani.

⁷² Zvino, ndaigona kudya navo, zvino, vaidya ka 2 pazuva. Asi hapana chandaigona kuisa mumupiro, saka ndaisa—ndaisada kudya zvinhu zvavo zvandisina kubhadharira.

⁷³ Saka zvino nda—zvino ndakabva ndapinda imomo mangwanani iwayo, vakati...Ndinotongofanira kutaura chikamu ichi chazvo. Uye saka ndakapinda imomo mangwanani iwayo, uye vakati, “Tiri kutsvaga William Branham, muvhangeri wechidiki aive papuratifomu manheru apfuura, muBaptisti.” Vakati, “Tinoda kuti atipe mharidzo mangwanani ano.” Ndakaona kuti zvaizondiomera zvakanyanya, paboka iri revanhu, ini muBaptist. Saka ndakangoita sekuzvinyudza muchigaro changu. Ndainge ndakapfeka kamudhebhe kedonje net-shati; munoziva, uye isu taipfeka zvechifundisi, saka... Zvino ndakagara pachigaro ndikadzokera kumashure sezvizvi. Saka akabvunza ka 2 kana ka 3. Zvino ndainge ndigere neimwe hama yechitema.

⁷⁴ Uye chikonzero vakaita konivhenisheni yavo kuChamhembe, imhaka yekuti rusaruraganda rwakanga rwuchiriko kuMaodzanyemba. Saka vaisakwanisa kuva nayo kuMaodzanyemba.

⁷⁵ Saka ndakashaya izvi zvekuti “Jesu Chete” zvakanga zviri zvei. Uye ndakafunga, “Chero bedzi ari Jesu, zvakana. Saka hapana mutsauko wazvinoita kana zviri. . .kuti zvakadii, chero bedzi ari iYe.”

⁷⁶ Saka ndakagarapo zvisvishoma ndikavatarisa, uye saka vakadaidzirazve ka 2 kana ka 3. Zvino hama iyi yechitema yakanditarisa, ndokuti, “Unomuziva here?” Ini—ini—ini... Pakabva pave nemangange ipapo. Ndaisakwanisa kunyepera murume uyu, ndaisada kudaro.

Ndakati, “Honaka, hama. Hongu, ndinomuziva.”

Iye akati, “Saka, endaka unomutora.”

⁷⁷ Ndikati, “Zvino, ndi—ndichakuudza, hama,” ndikati, “ndini wacho. Asi, unoona,” ndakati, “hona, ini...kamudhebhe kedonje aka.”

“Endaka kumusoro uko.”

⁷⁸ Ini ndikati, “Kwete, handikwanise kuenda kumusoro ikoko,” ndikati, “ndakapfeka mudhebhe uyu, sezvizvi, t-shati duku iyi.”

Akati, “Vanhu ivava havana kana basa nemapfekero ako.”

⁷⁹ Ini ndikati, “Zvinoka, hona, usazvitaure. Wazvinzwaka?” Ndikati, “Unoona, ndakapfeka kamudhebhe aka kedonje, handisi kuda kukwirako.”

Zvikanzi, “Pane anoziva here kuna William Branham?”

Hama iyi ndokuti, “Uyu ari pano uyu! Uyu ari pano uyu!”

⁸⁰ Oo, ini zvangu! Chiso changu chakatsvuka chaizvo, munoziva; uye ndisina kusunga tayi, munoziva; net-shati diki yekare iyi, munoziva, ine tumaoko tupfupi sezvizvi. Zvino ndakafamba ndichienda kumusoro neipapo, nenzeve dzangu dzichipisa. Handina kumbobvira ndakava pedyo nemaikirofoni.

81 Zvino saka ndakatanga kuparidza kumusoro ikoko, uye ndakatora musoro wenyaya wekuti, handife ndakaukanganwa, “Mupfumi akasimudza meso ake mugehena, zvino akachema.” Ini, nguva zhinji, ndinoparidza zvinhu 3 zvidiki saizvozvo, “Huyai, muone murume,” “Unozvitenda here izvi?” kana “Zvino iye ndokuchema.” Zvino ndakaramba ndichingoti, “Hakuna maruva, zvino iye ndokuchema. Hakuna misangano yeminamato, zvino iye ndokuchema. Hakuna vana, zvino iye ndokuchema. Hakuna nziyo, zvino iye ndokuchema.” Ndokubva ini ndachema.

82 Saka mushure mekunge zvese zvapera, handiti, ini zvangu, vakango...vose vakandikomberedza, vachida kuti ndiuye kuzovaitira musangano. Zvino ndakafunga, “Nhai, pamwe ndiri muumburuki mutsvene!” Maona? Saka ndakafunga, “Pamwe...” Munoono, vaiva vanhu vakanaka kwazvo.

83 Zvino ndakafamba kunze ikoko. Murume akapfeka manjombo evakomana vemombe, nengowani huru yevakomana vemombe, ndikati, “Ndimi ani?”

Vakati, “Ndini Eredha *Nhingi-nhingi* anobva kuTexas.”

Ndakafunga, “Zvinoka, zvaitaridzika...”

84 Mumwewo muchinda akafamba achiuya akapfeka kamudhebhe kadiki kachikabanga, munoziva, kavaisitambisa gorofu nako, uye nekamwe ketumajuzi tuya tudiki-diki. Akati, “Ndini Mufundisi *Nhingi-nhingi* ndinobva kuFlorida. Mungauyawo here kuzobata...”

85 Ndakafunga, “Ndiri panzvimbo yangu chaipo, vakomana, mudhebhe wedonje yu pano net-shati. Zvakangonaka wanhi.”

86 Saka, makanzwa nhoroondo yehupenyu hwangu pazvinhu izvozvo, saka ndichamira pano ndokuudzai chimwe chinhu chandisati ndambotaura kumashure. Chekutanga, ndinoda kukubvunzai...Ndanga ndiri kuzozvidarikira izvozvo. Handisati ndambozvitaura pamberi pevanhu, muhupenyu hwangu. Kana muchindivimbisa kuti munondida uye muchaedza kundida zvakananyanya mushure mekunge ndataura izvi sezvandinoita ndisati ndazvitaura, simudzai ruoko rwenyu. Zvakanakai. Ivimbiso yenyu iyoyo, ndichakusungirirai pairi.

87 Ndigere mumusangano manheru iwayo, pavaiimba nziyo dzavo vaiombera maoko avo. Uye vaiimba, “Ini...” Karwiyo kaya kadiki, “Ndinoziva kuti raiva Ropa. Ndinoziva kuti raiva Ropa.” Zvino vaimhanya vachikwira nekudzika nemunzira dzepakati pemacheya, nezvose, vachingodanidzira nekurumbidza Ishe. Ndakafunga, “Zvinoita sezvakanaka chaizvo kwandiri.” Ndakatanga...

88 Uye vaitaura zviri kuna Mabasa nguva nenguva, Mabasa 2:4, Mabasa 2:38, Mabasa 10:49, ose iwayo. Ndakafunga, “Maihwee, Magwaroka aya! Handisati ndakamboZviona

saizvozvo kumashure.” Asi, oo, moyo wangu waitsva, kufunga kuti, “Izvi zvinoshamisa izvi!” Ndakafunga kuti vaiva boka revaumburuki vatsvene pandakatanga kusangana navo, uye ndakafunga, “Oo, ini zvangu! Zvino iboka rengirozi.” Munoono, ndakachinja pfungwa dzangu nekukurumidza chaiko.

⁸⁹ Saka mangwanani akatevera Ishe pavakandipa mukana mukuru uyu wekuita misangano iyi, ndakafunga, “Oo, ini zvangu, ndichabatana neboka iri revanhu! Ndiyo mhando inofanira kunge iri iya yavaisimbodaidza kuti ‘muMethodisti anoshevedzera.’ Vakangoenda mberi zvisoma,” ndakafunga. “Zvichida ndizvo zvazviri.” Saka ndakafunga, “Saka, ndiri. . . Chokwadi ndinozvfirira. Oo, pane chimwe chinhu nezvavo chandinofarira, vakazvininipisa uye vanotapira.”

⁹⁰ Saka chinhu 1 chandaitadza kunzwisisa kwaiva kutaura nendimi kuya, kwakandibata. Uye ini. . . Paiva nemurume 1, toti, akagara *apa* uye 1 wacho necheuku, zvino vakanga vari vatungamiri veboka. Mumwe *uyu* aisimuka otaura nendimi, *uyu* aidzidudzira uye yaitaura zvinhu pamusoro pemusangano nezvimwe zvakadaro. Ndakafunga, “Ini zvangu, fiyuu, ndinofanira kuzviverenga izvozvo!” Saka zvino vochinjana, wowira pane *uyu* uyezve wodzokera pane *uyo*; zvino mumwe nemumwe aitaura nendimi, odudzira. Imwe chechi yese yaitaura, asi zvaisaita sekunge dudziro yaiuya sevarume 2 ava. Zvino, ndakaona kuti vaigara pedyo pamwe chete, ndakafunga, “Oo, ini zvangu, vanofanira kunge vari Ngirozi!” Saka ndigere kumashure ikoko. . .

⁹¹ Chero zvazvakanga zviri (munoziva) zvandaisakwanisa kunzwisisa, Zvaiuya pandiri. Uye ndine nzira yekuziva nayo zvinhu kana Ishe vachida kuti ndizvize, munoziva. Uye handi. . . Ndicho chikonzero ndichiti handireve izvi kunze, kwete zvachose pamberi peruzhinji. Kana ndichinyatsoda kuziva chimwe chinhu, Ishe vanowanzondiudza pamusoro pezvinhu izvi. Ndizvo zvakapiirwa chipo chacho, munoono. Saka haugone kungozvikanda izvozvo pamberi pevanhu, zvinoita sekukandira maparera ako pamberi penguruve. Chinhu chinoyera, chitsvene, uye haudi kuita izvozvo. Saka, Mwari vangazondipa mhosva. Sekutaura nehama nezvimwe zvakadaro, handingaedze kutsvaga chimwe chinhu chakaipa pamusoro pehama.

⁹² Imwe nguva ndigere patafura nemumwe murume, iye akandimbundira neruoko rwake, akati, “O Hama Branham, ndinokudai.” Zvino ndakaramba ndichinzwa chimwe chinhu chichifamba. Ndakamutarisa. Haaikwanisa kunge akandiudza izvozvo; ndaiziva kuti haana kuzviita, munoono, nokuti hapo pazvaive. Aiva munyengeri zvamazvirokwazvo, kana pakambova nomumwe, munoono, uye ipapo chaipo akandimbundira noruoko rwake.

⁹³ Ndikati, “Saka, zvakanaka,” ndokufamba ndichienda. Handidi kuziva izvozvo. Ndingasva hangu ndangomuziva nenzira yandinomuziva nayo, sehama yangu, uye ndozvisiya zvichienda saizvozvo. Ndorega Mwari vaite zvimwe zvacho zvose. Maona? Uye handidi ku . . . handizivi, kuda kuziva zvinhu izvozvo.

⁹⁴ Uye nguva zhinji pazvinhu izvi, hamusi muno muchechi. Ndinenge ndakagara mukamuri, ndakagara murestorandi, Mweya Mutsvene wondiudza zvinhu zviru kuzoitika. Vanhu varipo pano vanoziva kuti ichocho ichokwadi. Ndinogara kumba kwangu uye ndinoti, “Zvino, chenjera, pane mota iri kuuya mushure mechinguva. Achange ari munhu *akati-akati*. Vaunzei mukati, nekuti Ishe vati vachange vari pano.” “Patinodzika nenzira, pachave *nezvimwe* zvinhu zvichaitika. Tarisai pamharadzano iyo apo, nekuti uri kuzopotsa wadhuma.” Uye ingoonai kana zvisiri izvo nenzira iyoyo, munoona, nguva dzose, zvakangonyatsokwana! Saka haudi kuzvikandira zvakananyanya mune izvozvo, nekuti ungaso . . . Chi—chiri . . . Unogona kuchishandisa, chipo chaMwari, asi unofanira kutarisa zvaunoita nacho. Mwari vachakutonga nazvo.

⁹⁵ Tarisai Mosesi. Mosesi akanga ari munhu akatumwa naMwari. Munozvitenda here? Akafanotemerwa, akafanogadzwa, uye akaitwa muporofita! Zvino Mwari vakamutuma kunze uko, vakati, “Enda unotaura kudombo,” mushure mekunge ratorohwa kare. Vakati, “Enda unotaura kudombo, uye richabuditsa mvura yaro.”

⁹⁶ Asi Mosesi, akagumbuka, akamhanyirako ndokurova dombo. Mvura haina kuuya, akarirova zvakare, akati, “Imi vapanduki! Tokubuditsirai here mvura kubva mudombo iri?”

⁹⁷ Munoona here zvakaitwa naMwari? Mvura yakauya, asi vakati, “Huya kumusoro kuno, Mosesi.” Ndiwo akava maguma azvo, munoona. Unofanira kutarisa zvinhu izvozvo, saka iwe . . . zvaunoita nezvipo zvaMwari.

⁹⁸ Sezvakangoita muparidzi, muparidzi akanaka anoparidza zvine simba, uye obuda kunze kunoparidza kuti angatora mupiro nemari, Mwari vanozomupa mhosva pamusoro pazvo. Ndizvozvo chaizvo. Unofanira kutarisa zvaunoita nezvipo zvaMwari. Uye, kana kuedza kuita mukurumbira mukuru kana zita guru reimwe chechi, kana zita guru rake achizviitira pachake. Ndingasva hangu ndava nemusangano wehusiku huviri kana hutatu ndoendawo zvangu pane imwe nzvimbo, uye ndozvininipisa, ndoramba ndakazvideredza. Uye munoziva zvandiri kureva. Hongu, changamire, ramba wakachengeta nzvimbo yako apo Mwari pavanogona kuisa ruoko rwaVo pauri.

Uhwu Hupenyu hwemukati zvino, rangarirai.

⁹⁹ Saka zvino zuva iri, ndakafunga, “Zvakanaka, ndiri kuzoenda.” Uye ndakangoshamiswa nevanhu ivavo, ndikafunga

kuti, “Ndichaziva nezvevarume ivavo.” Uye kunze muchivanze ndakaramba ndichivatsvaga mushure mekunge shumiro yapera. Ndakatarisa-tarisa. Ndikawana mumwe wavo, ndikati, “Makadini, changamire?”

¹⁰⁰ Akati, “Tiripo zvedu makadiniwo!” Akati, “Ndiwe here muparidzi wechidiki aparidza mangwanani ano?”

Ndikati. . . Ndaiva nemakore 23 okuberekwa panguva iyoyo. Ndikati, “Hongu, changamire.”

Uye akati, “Unonzi ani zviya?”

Ndikati, “Branham.” Ini ndikati, “Renyu?”

¹⁰¹ Zvino akandiudza zita rake. Zvino ndakafunga, “Zvakanaka, zvino, kana ndikangokwanisa kubata mweya wake zvino.” Uye zvakadaro ndisingazive kuti chii chaiita izvozvo. Ini ndikati, “Asika, nhai, changamire,” ndikati, “imi vanhu mune chimwe Chinhu pano chandisina.”

Akati, “Wakawana Mweya Mutsvene here kubva pawakatenda?”

Ndikati, “Zvinoka, ndiri muBaptisti.”

¹⁰² Iye akati, “Asi wakagamuchira Mweya Mutsvene here kubvira pawakatenda?”

¹⁰³ Ini ndikati, “Zvino, hama, munorevei?” Ndikati, “Ini—ini handina icho chamuinacho mese, ndinozviziva!” Ndakati, “Nekuti mune chimwe Chinhu chinoita sechine simba uye saka. . .”

Akati, “Wakambotaura nendimi here?”

Ini ndikati, “Kwete, changamire.”

Akati, “Ndinokutaurira nekukurumidza chaiko kuti hauna Mweya Mutsvene.”

¹⁰⁴ Ini ndikati, “Zvakanaka, kana ini. . . Kana zviri izvo zvazvinотора kuwana Mweya Mutsvene, handisati ndava naWo.”

¹⁰⁵ Zvino saka akati, “Zvinoka, kana usati wataura nendimi, hausati wava naWo.”

¹⁰⁶ Uye achichengeta hurukuro yake yakadaro, ndakati, “Zvakanaka, ndingaUwana kupi?”

¹⁰⁷ Akati, “Pinda mukamuri umo utange kutsvaga Mweya Mutsvene.”

¹⁰⁸ Zvino ndakaramba ndakamutarisa, munoziva. Haana kuziva zvandaiita, asi iye. . . Ndakaziva kuti akava nemamwe manzwiwo asinganzwisisike, nekuti iye. . . maziso ake akatanga kuita kakupenya paainge akanditarisa. Uye iye. . . Asi akanga ari Mukristu wechokwadi. Zvirokwazvo aiva, Mukristu, chaiye akanyatsokwana. Ndizvozvo. Saka, ndakafunga, “Mwari ngavarumbidzwe, hezvinoi Izvi! Ndi—ndino—ndinofanira kuenda paartari iya pane imwe nzvimbo.”

109 Ndakabuda, ndokutsvaga kwese-kwese, ndikafunga, “Ndichawana mumwe murume uya.” Zvino pandakamuwana ndikatanga kutaura naye, ndakati, “Makadini, changamire?”

110 Akati, “Nhawe, unopinda chechi ipi iwe?” Akati, “Vari kunditaurira kuti uri muBaptisti.”

Ndikati, “Hongu.”

Uye akati, “Hausati wava neMweya Mutsvene, unawo here?”

Ini ndikati, “Ipapoka, handizive.”

Akati, “Wakambotaura nendimi here?”

Ndikati, “Kwete, changamire.”

Akati, “Hausati wava naWo.”

111 Ini ndikati, “Zvakanaka, ndinoziva kuti handina icho chamuinacho mese. Ndinozviziva izvozvo.” Ini ndikati, “Asi, hama yangu, ndiri kunyatsoUda.”

Akati, “Zvakanaka, hero—hero dziva, rakagadzirirwa.”

112 Ndikati, “Ndakabhabhatidzwa kare. Asi,” ndikati, “Ini—ini handisati ndagamuchira chamakawana imi mose.” Ndikati, “Mune chimwe chinhu icho ini—ini chandiri kunyatsoda.”

Uye akati, “Zvinoka, zvakanaka.”

113 Ndainge ndichiedza kumubata, munoono. Uye kana ini . . . Pandakazopedzisira ndabata mweya wake, zvino, uye akanga ari mumwe murume wacho, kana ndakambotaura nemunyengeri wemakoko, ndiye mumwe wacho iyeye. Akanga achirarama . . . Mudzimai wake aiva mudzimai ane bvudzi dema, iye airarama nemukadzi ane bvudzi rakacheneruka uye aiva nevana 2 naye. Anonwa, anokutuka, anomhanyira kumabhawa, nezvimwe zvose, asi zvakadaro ari imomo achitaura nendimi nekuporofita.

114 Ndakabva ndati, “Ishe, ndiregerereiwo.” Ndakaenda kumba. Ndizvozvo. Ndikati, “Ndichangotora . . . Handikwanise kuzvinzwisisa. Zvaiita sekunge Mweya Mutsvene wakaropafadzwa waiburuka, zvino, pamunyengeri iyeye.” Ndakati, “Hazvigone kudaro! Ndizvo zvoga.”

115 Munguva iyi yakareba zvino, ini ndichinzvera uye ndichichema, ndakafunga kuti dai ndaikwanisa kunge ndiri pakati pavo pamwe ndaiwana kuti zvaiye zvei chaizvo. Heuno mumwe wacho, Mukristu wechokwadi; uye mumwe wacho, munyengeri chaiye. Ndakabva ndafunga kuti, “Chii nezvazvo? Oo,” ndikati, “Mwari, pamwe—pamwe pane chimwe chinhu chakaipa pandiri.” Uye ini ndikati, ndiri uyo anotenda zvepamavambo, “Zvicha . . . ndinofanira kuzviona izvozvo muBhaibheri. Zvinofanira kudaro.”

116 Kwandiri, zvese zvinoshanda zvinofanira kubuda muBhaibheri iri kana kuti hazvina kunaka. Zvinofanira kubva uMu. Zvinogona kuratidzwa muBhaibheri, kwete nzvimbo 1 chete, asi zvinofanira kuuya nzira yose nemuBhaibheri

rose. Ndinofanira kuzvitenda. Zvinofanira kunyatsobotana nekusungana pamwe chete neMagwaro ose kana kuti handizvitende. Uye zvakare, nekuti Pauro akati, “Kana mutumwa anobva Kudenga akauya, achiparidza imwewo evhangeri, ngaave wakatukwa.” Saka ndinotenda Bhaibheri.

Ini ndikati, “Handina kumbobvira ndakaona zvakadaro muBhaibheri.”

¹¹⁷ Makore 2 akatevera, mushure mekunge ndashaikirwa nemudzimai wangu nezvose, ndakanga ndiri kumusoro uko kuGreen’s Mill, kanzvimbo kangu kekare kumusoro ikoko, ndichinamata. Ndakanga ndadzokera mubako rangu seri uko kwemazuva 2 kana 3, aiva mazuva 2. Ndakabuda kuti ndimbofefeterwa nemhepo, mhepo yekufema. Zvino pandakabudamo, Bhaibheri rangu rakanga rirere zvaro kunze ikoko kumucheto kwedanda paunongopinda. Muti wekare wakawisirwa pasi, waiva nemhanda pauri. Zvino, iwe. . . Waive nemhanda irere yakasimukira sezvizvi, uye muti wacho wakarara pasi. Zvino ndakangogara ndakatanangira danda iroro, ndokurara kunze ikoko pahusiku, ndakatarisa kumusoro kumatenga saizvozvo, ruoko rwangu rwakasimukira sezvizvi, uye dzimwe nguva ndotokotsira ndakazvambarara chaizvo padanda saizvozvo, ndichinamata. Ndovako mazuva akati wandei, ndisingatongodyi kana kunwa, ndingoriko ndichinamata. Zvino ndakafamba ndichibuda kunze kunofurwa nekamhepo, kubva mubako iroro; maitonhorera, muine hunyoro mukati imomo.

¹¹⁸ Saka ndakabva ndabuda zvino hapo paiva neBhaibheri rangu pandakanga ndinaRo nezuro wacho, zvino raive rakavhurika kuna VaHebheru, chitsauko 6. Ndikatanga kuverenga ipapo, “Ngatiisei parutivi. . . tichienda. . . tichienda pakukwaniswa, tisingaisizve nheyo dzekutendeuka nemabasa akafa uye nekutenda kuna Mwari,” nezvimwe zvakadaro. “Nekuti hazvibviri kune avo vakambojekerwa, vakava vagoverani vechipo chokudenga, nokudanwa,” nezvimwe zvakadaro. Asi akati, “Asi minzwa nerukato zvava pedyo nekuraswa, magumo azvo. . . mvura. . . mvura inonaya inogarouya panyika kuzoidiridzira nekuigadzirira nokuti icho chiri—icho chiri pedyo nekuraswa, neminzwa norukato, magumo azvo ndiko kupiswa.”

Zvino chimwe Chinhu chakati, “Whooooosssh!”

¹¹⁹ Ndakafunga, “HeZvoka izvo. Ndichanzwa zvino chero chaAri. . . Andimutsa pano, Ari kugadzirira kundipa chiratidzo zvino.” Ndakamirira ipapo paiperera danda iroro, ndokumirira. Ndakasimuka ndokufamba ndichienda nekudzoka, ndichikwira nekudzika. Ndakafamba ndichidzokera, hapana chakaitika. Ndakafamba ndichidzokera kubako rangu zvakare, hapana chakaitika. Ndakamira ipapo, ndakafunga, “Saka, chii ichi?”

¹²⁰ Ndakafamba ndichienda kuBhaibheri rangu zvakare, uye, oo, Zvakangobva zvandibata zvakare. NdakaRisimudza, uye ndikafunga, “Chii chiri imomo chaAri kuda kuti ndiverenge?” Ndakaramba ndichiverenga ndichienda ndichidzika pamusoro “pekutendeuka kuna Mwari, nekutenda,” nezvimwe zvakadaro, zvino ndakaramba ndichiverenga ndichidzika paRakati, “Mvura inogarouya panyika kuzoishongedza nokuigadzirira zvayakatemerwa, zvepano, asi minzwa norukato zvava pedyo nekuraswa kuguma kwazvo ndiko kupiswa.” Uye, oo, Zvaingondizunguza!

¹²¹ Zvino ndakafunga, “Ishe, Muchandipa chiratidzo cheizvo . . .” Ndakanga ndiri kumusoro ikoko ndichiVakumbira chimwewo chinhu.

¹²² Zvino pakarepo, pamberi pangu, ndakaona nyika ichtenderera, uye yakanga yakarimwa yose. Zvino hepano kwakaenda mumwe murume akanga akapfeka zvichena, nemusoro wake wakasimudzwa, achikusha Mbeu sezvizvi. Zvino akati aenda, kwaiuya, achangoenda seri nepamusoro pechikomo, hepano ndokuuya mumwe murume shure kwake, akapfeka zvitema, aine musoro wake akautsikitsira, achikusha mbeu. Zvino Mbeu dzakanaka padzakabuda, raiva gorosi; uye mbeu dzakaipa padzakabuda, aiva mashawi.

¹²³ Zvino kwakabva kwazouya nguva yekusanaya kwemvura kukuru panyika, zvino gorosi rakanga rakarembedza musoro waro, rava kutoparara, richida mvura. Zvino ndakaona vanhu vose vakasimudza maoko avo mudenga, vachinamata kuti Mwari vatumire mvura. Uye zvakare ndakaona shawi, rakanga rakatsikitsira musoro waro, rakakotama richida mvura. Uye ipapo makore makuru akauya uye mvura ikabva yanganaya zvine simba. Zvino payakadaro, gorosi diki rakanga rakatsikitsira rakati, “Whish,” rikasimuka kuti twii. Uye kashawi kadiki kari parutivi rwaro chaipo kakati, “Whish,” kakasimuka kuti twii.

Ndikafunga, “Zvino, chii ichocho?”

¹²⁴ Ipapo Zvakabva zvauya kwandiri. Hezvoka izvo. Mvura imwe cheteyo inoita kuti gorosi rikure, inoita kuti shawi rikure. Uye Mweya Mutsvene mumwe chete unogona kuwira muboka revanhu, uye wokwanisa kuropafadza munyengeri zvimwe chetezvo sezvaUnoropafadza mumwe. Jesu akati, “Nezvibereko zvavo muchavaziva.” Kwete nekuti anodanidzira, kana kuti anofara, asi “nechibereko chake muchamuziva.”

¹²⁵ Ndikati, “Hezvoka izvo!” “Ndazvibata, Ishe.” Ndakati, “Zvino ndicho Chokwadi chaicho.” Murume uyu . . . Unogona kuva nezvipo usingazive Mwari.

¹²⁶ Saka zvino nda—zvino ndakanga ndava kunyanyisa kutsoropodza kutaura nendimi, munoono. Asi rimwe zuva, zvino, Mwari masimbisiro avakazviita kwandiri!

¹²⁷ Ndaibhabhatidza zasi murwizi, vandakatanga kutendeutsa, paOhio River, zvino munhu wechi 17 wandaibhabhatidza, pandakatanga kumubhabhatidza, ndakati, “Baba, pandiri kumubhabhatidza nemvura, Imi mubhabhatidzei neMweya Mutsvene.” Ndakatanga ku—kumuisa pasi pemvura.

¹²⁸ Zvino ipapo chamupupuri chakabva kumatenga kumusoro, zvino hecho Chiedza chiya chichiuya, chichipenya zasi. Mazana nemazana evanhu vari pamahombekombe, na 2 o'clock chaidzo masikati, muna Chikumi. Uye Chakarembere pamusoro chaipo pandaive. Inzwi rakataura kubva ipapo, ndokuti, “SaJohane Mubhabhatidzi akatumwa kuzova nhungamiri pakuyha kwekutanga kwaKristu, une . . . une Mharidzo ichaunza kufanotungamira kweKuuya kweChipiri kwaKristu.” Zvino zvakada kundityisa kunge ndichafa.

¹²⁹ Zvino ndakadzokera, uye nevanhu vose vaivapo, varume ve—vemumafekitari navose, mutengesi wemishonga, uye navose vaive vari pamahombekombe. Ndakanga ndabhabhatidza vangangoita 2 kana 300 masikati iwayo. Zvino pavakandibuditsa, pavakandidhonzera kunze kwemvura, madhikoni nevamwe vakadaro vakakwidzako, vakandibvunza, vakati, “Chiedza chiya changa chichirevei?”

¹³⁰ Boka guru revanhu vechitema vanobva ku—kuchechi yeGilt Edge Baptisti nechechi yeLone Star zasi uko, uye nevazhinji veavo vaiva zasi ikoko, vakatanga kuzhambatata pavakaona zvichiitika, vanhu vakafenda.

¹³¹ Mumwe musikana wandanga ndaedza kuti abude muigwa ipapo, akagara ipapo akapfeka nhumbi yekutuhwinisa, mudzidzisi weSunday school mune imwe chechi, zvino ndakati, “Haungabvewo here ipapo, nhai Margie?”

Akati, “Billy, handisungirwe kubva panoka.”

¹³² Ndakati, “Ndizvozvo, hausungirwe hako, asi ndaizova neruremekedzo rwakakwana kuEvhangeri kubvawo pandiri kubhabhatidza.”

Akati, “Handisungirwe kudaroka.”

¹³³ Zvino paakanga agere ipapo, achingopfikura nekundiseka ndichibhabhatidza, nekuti akanga asingatendi mukubhabhatidza, saka zvino Ngirozi yaShe payakadzika akadonhera mberi muigwa imomo. Nhasi uno musikana uyu ari muchipatara chevanorwara nepfungwa. Saka haungangotamba naMwari. Maona? Zvino, gare-gare . . . Musikana tsvarakadenga, akazotanga kunwa pave paya, akarohwa nebhodhoro, nebhodhoro re—redoro, rikacheka-cheda chiso chake chose. Oo, munhu anotyisa kutarisa! Uye ipapo zvakaatika.

¹³⁴ Uye zvakare mukufamba kwese kwehupenyu ndaizviona, kuona izvozvo zvichifamba, kuona zviratidzo izvozvo, maitikiro aizoita zvinhu izvozvo. Zvino, pamberi apo

zvishoma, Zvakaramba zvichindinetsa zvikuru, uye munhu wose achindiudza kuti Zvainge zvakaipa. Zvino ndakaenda kunzvimbo yangu yekare kwandaifarira kuwanzoenda, kumusoro uko kwandaigara ndichinyatsonamata. Uye ndai. . . Zvisinei nekuti ndakaramba ndichizvinamatira zvakadii kuti Zvirege kuuya pandiri, Zvaingouya zvakadaro. Uye saka ndaingo. . . Ndaive—ndaive muchengeti wemhuka mudunhu reIndiana. Zvino ndakapinda, pakanga pane murume ainge akagara ipapo, hama yemuridzi wangu wepiyano patabhenakeri. Zvino akati, “Billy, ungaendawo here neni nemotokari kuMadison masikati ano?”

Ndikati, “Handikwanise kuzviita, ndinofanira kuenda kumusoro kumasango.”

¹³⁵ Uye ndaizo. . . ndanga ndichangouya pamba uye ndichibvisa bhande rangu, bhande repfuti nezvimwe, nekupeta maoko ehembe yangu. Taigara muimba duku ine makamuri 2, uye ndakanga ndichinogeza nekugadzirira kuzonodya kwangu. Zvino ndakanga ndageza, uye ndichifamba-famba padivi pemba, pasi pe—pemuti mukuru wemumaple, chiriporipotyo Chimwe chinhu ndokuti, “Whoooossss!” Ndokupotsa ndafenda. Zvino ndakatarisa, ndikaziva kuti chaiva Chiya zvakare.

¹³⁶ Ndakagara pamasitepisi iwayo, zvino akasvetuka achibuda mumota make ndokumhanyira kwandiri, akati, “Billy, uri kuda kufenda here?”

Ndikati, “Kwete, changamire.”

Akati, “Chii chiri kunetsa, Billy?”

¹³⁷ Ini ndikati, “Handizive.” Ndikati, “Chingopfuurirai henyu mberi, hama, zvakana. Maita henyu.”

¹³⁸ Mudzimai wangu akabuda akauya nechirongo chemvura, akati, “Mudiwa, chii chiri kunetsa?”

Ndikati, “Hapana, mudiwa.”

¹³⁹ Saka akati, “Chiuya zvino, chikafu chaite,” zvino akandimbundira neruoko rwake, akaedza kundipinza mukati.

¹⁴⁰ Ndikati, “Mudiwa, ndi—ndinoda kukuudza chimwe chinhu.” Ndikati, “Iwe vafonere uye uvataurire kuti handisi kuuyako masikati ano.” Ndakati, “Meda, mudiwa,” ndakati, “ndinoziva mumoyo mangu kuti ndinoda Jesu Kristu. Ndinoziva kuti ndakapfuura kubva murufu kuenda kuHupenyu. Asi handidi kuti dhiyabhore ave nechekuita neni.” Ini ndikati, “Handikwanise kuenderera mberi seizvi; ndiri musungwa.” Ndikati, “Nguva dzese, kana chinhu ichi chichiramba chichiitika, zvinhu zvakadaro, uye nezviratidzo izvi zvichiuya, nezvimwe zvakadaro. Kana, chero zvazvingava,” ndakati, “zvinoitika kwandiri.” Handina kuziva kuti chaive chiratidzo. Handina kuchidana kuti chiratidzo. Ndakati, “Kuita sekunge

kubatwa nemweya,” ndikati, “handizivi kuti ichocho chii. Uye, mudiwa, ini—ini—ini—ini handidi kutamba nacho, va—vanondiudza kuti ndidhiyabhore. Uye ndinoda Ishe Jesu.”

¹⁴¹ “Oo,” akati, “Billy, haufanire kuteerera kune zvaunoudzwa nevanhu.”

¹⁴² Ndikati, “Asi, mudiwa, hona vamwe vaparidzi.” Ndikati, “Ini—ini handizvide.” Ndikati, “Ndiri kuenda kunzvimbo yangu musango. Ndine mari ingangoita madhora 15, uchengete Billy.” Billy aiva kakomana kadiki-diki panguva iyoyo, kamukomana kadiki-diki. Ndikati, “Iwe—iwe tora...Inokukwanira iwe naBilly kuti murarame, kwechinguvana. Vafonere uvaudze kuti ndino—ndinogona kudzoka mangwana, uye ndinogona kusatombodzoka. Kana ndisati ndadzoka mumazuva 5 anotevera, isai mumwe munhu panzvimbo yangu.” Ini ndikati, “Meda, handisi kuzofa ndakabuda musango imomo kusvikira Mwari vandivimbisa kuti Vachabvisa chinhu ichocho kubva pandiri uye vorega kuti chisatomboitika zvakare.” Fungai nezvekushaya zivo kungaita munhu!

¹⁴³ Zvino ndakaendako husiku ihwohwo. Ndakadzokera mukamba kakare kemapango kadiki, risati rava zuva rinotevera racho; nguva dzaive dzaita sekuti fambei. Ndaizokwira kumusasa wangu zuva raitevera, kumusoro pa...kumberimberi kwacho kutenderera negomo, kana chikomo, waro, ndopinda musango imomo. Handitendi kuti veF.B.I. vaigona kundiwana kumusoro ikoko. Saka kamba kemapango kadiki aka...Ndainge ndichinamata masikati ose iwaya uye kusati kwanyanya kusviba. Ndainamata, ndaiverenga imomo muBhaibheri paRakati, “Mweya wevaporofita unozviisa pasi pemuporofita.” Handina kukwanisa kuzvibata. Saka kwakazonyanya kusviba mukamba kemapango kadiki kekare.

¹⁴⁴ Kwandaisimbonoteya ndichiri mukomana, ndaiva netambo yekuteyesa imomo, ndoenda kumusoro ikoko ndonoraura ndogara husiku hwose. Kangori kamba kemapango kadiki kekare kakasakara kari ikoko, kaveko ikoko kwemakore. Rimwe roja rinogona kunge raigaramo kasati kasvika pakudaro.

¹⁴⁵ Uye saka nda—ndainge ndakangomirira ipapo. Zvino ndakafunga, “Zvakanaka.” Dzakasvika zvekuma 1 o'clock, 2 o'clock, 3 o'clock mangwanani, ndaifamba ndichikwidza nekudzika pasi, ndichifamba ndichienda nekudzoka. Ndaigara pasi pachituru chidiki chekare ipapo, chidiki...kwete chituru, kabhokisi kadiki kakudhara kechimwe chinhu. Zvino ndakagara pasi ipapo, ndikafunga, “O Mwari, Munoitireiko zvakadai kwandiri?” Ndikati, “Baba, Munoziva kuti ndinoKudai. Munoziva kuti ndinoKudai! Uye ini—ini—ini handidi kugarwa nadhiyabhore. Handidi kuti zvinhu izvi zviitike kwandiri. Ndapota Mwari, musambofa makazvirega zvichiitika zvakare.”

¹⁴⁶ Ndikati, “Ndi—ndinoKudai. Handidi kuenda kugehena. Zvinobatsirei kuti ndiparidze nekuedza, nekuisa simba rangu, kana ndichikanganisa? Uye handisi kungozviendesa kugehena, ndiri kutsautsa zviuru zvevamwe.” Kana, mazana evamwe, mumazuva iwayo. Ndikati...Ndaiva neshumiro yakakura. Zvino ini ndikati, “Zvino, ini—ini handidi kuti zvimbofa zvakaitika kwandiri zvakare.”

¹⁴⁷ Zvino ndakagara pasi pachituru chidiki ichi. Uye ndakangogara, oo, zvakada kuita sekudai, *saizvozvo*. Uye, pakare ipapo, ndakaona Chiedza chichivaima-vaima mukamuri umu. Zvino ndakafunga kuti pane munhu ari kuuya netochi. Zvino ndakatarisa-tarisa, ndikafunga kuti, “Zvinoka...” Uye hechino paChaive, pamberi pangu chaipo. Uye mabhodhi emapuranga ekare ari pasi. Zvino hecho paChaive, pamberi pangu chaipo. Chitofu chidiki chedhiramu chigere mukona, kumusoro kwacho kwaiva kwakakwachurwa kubva pachiri. Uye—uye mukati *umu* chaimo maiva ne—neChiedza pasi, uye ndakafunga, “Zvino, chiri kupi? Saka, hachingave chiri kuuya...”

¹⁴⁸ Ndakatarisa-tarisa. Zvino hecho Chakanga chiri pamusoro pangu, Chiedza chimwe chetecho *ichi*, pamusoro pangu chaipo, chakaremba chaizvo *saizvozvo*. Chichitenderera semoto, chakaita seruvara rwesimaragadhino, chichiti, “Whoossh, whoossh, whoossh!” *saizvozvo*, pamusoro paCho, *saizvozvo*. Zvino ndakaChitarisa. Ndikafunga kuti, “Chii Ichocho?” Zvino, Chakandityisa.

¹⁴⁹ Ndakanzwa mumwe munhu achiuya, [Hama Branham vanoratidza—Mupepeti] achingofamba, bedzi, akanga asina shangu. Zvino ndakaona tsoka yeMunhu ichipinda. Mukamuri makanga muine rima, mese kunze kweapo paChaipenyera pasi chaipo. Zvino ndakaona tsoka yeMunhu ichipinda. Zvino paAkapinda mukamuri, akafamba achiuya, Aiva Murume angaite...aitaridzika kurema dzingaite 90kg. Akanga akapeta maoko aKe *sezvizi*. Zvino, ndakambenge ndaIona muChamupupuri, ndakanga ndaInzwa ichitaura kwandiri, uye ndakaIona iri muchimiro cheChiedza, asi kecutanga pandakaona chimiro chaYo. Yakafamba ichiuya kwandiri, pedyosa chaipo.

¹⁵⁰ Zvino, chokwadi shamwari, nda—ndakafunga kuti moyo wangu waizokundika. Ini...Chimbozvifungidzirai! Zviise iwe ipapo, Zvaizokuita kuti unzwe zvimwe chetezvo. Pamwe uri kumberi-mberi kwenzira kupfuura zvandiri, unogona kunge wanga uri Mukristu kwenguva refu, asi Chaizokuita kuti uite manzwiwo iwayo. Nekuti mushure memazana nemazana enguva dzekushanyirwa, zvinondipedza simba paAnouya pedyo. Dzimwe nguva zvinotondiita chaiko...Ndinopotsa ndatofenda, ndinenge ndatongopera simba kwazvo pandinobva papuratifomu nguva zhinji. Kana ndikagara kwenguva

refu, ndinotodzima zvachose. Ndakavaita kuti vandityaire kwemaawa akawanda, ndisingatomboziva kwandinenge ndiri. Uye handikwanise kuzvitsanangura. Verengai zasi apa muBhaibheri, uye RinoZvitsanangura, zvazviri. Magwaro anotaura kudaro!

¹⁵¹ Saka ndaingenge ndakagara ipapo ndakaMutarisa. Nda—ndakaita sekusimudza ruoko rwangu se *kudai*. Akanga akanyatsonditarisa chaizvo, zvakangonyatsanakawo. Asi Aiva neZwi gobvu chairu, zvino Akati, “Usatya, ndatumwa kubva muHupo hwaMwari Samasimba.” Zvino paAkataura, Izwi iroro, ndiro ranga riri Izwi rimwe chete rakatura neni pandaiva nemakore 2 ekuberekwa, nzira yose ndichikura. Ndakaziva kuti aiva iYe. Uye ndakafunga, “Zvino. . .”

¹⁵² Uye chinzwai. Zvino teererai kuhurukuro yacho. Ndichazviture nepandinogona napo, ndichiziva, shoko neshoko, nekuti handichanyatsorangerira.

¹⁵³ Iye. . . Ndakati. . . NdakaMutarisa saizvozvo. Akati, “Usatya,” zvakangodzika, akati, “Ndatumwa kubva muHupo hwaMwari Samasimba, kuti ndikuudze kuti kuzvarwa kwako kunoshamisa. . .” Sekuziva kwamunoita kuti kuzvarwa kwangu kwaive kwakaita sei kumusoro uko. Chiedza chimwe chete ichocho chakambera pamusoro pangu pakutanga pandakazvarwa. Uye saka Akati, “Kuberekwa kwako kunoshamisa nehupenyu husinganzwiswe zvanga zvichiratidza kuti uchaenda pasi rese uchinatamira vanhu vanorwara.” Uye akati, “Uye zvisinei nezvavaka. . .” Zvino Akanyatsotaura. Mwari, Vanova Mutongi wangu, vanoziva. Kuti, Akanyatsotaura “kenza.” Akati, “Hapana. . . Kana ukaita kuti vanhu vakutende, uye ukaperera paunonamata, hapana chichamira pamberi pemunamato wako, kunyangwe kenza chaiyo.” Munoono, “Kana ukaita kuti vanhu vakutende.”

¹⁵⁴ Zvino ndakaona kuti Akanga asiri muvengi wangu, Aiva Shamwari yangu. Uye ndakanga ndisingazive kuti—kuti ndaifa here kana kuti chii chaitika paAkanga achiuya kwandiri saizvozvo. Ini ndikati, “Zvino, Changamire,” ndakati, “Ndiri. . .” Ko ndaizivei pamusoro pokupodzwa nezvinhu zvakadaro, zvipo izvozvo? Ndakati, “Zvino, Changamire, ndiri. . . ndi—ndiri munhu murombo.” Uye ndikati, “Ndiri pakati pevanhu vangu. Ndi—ndinogara nevanhu vangu vari varombo. Handina kudzidza.” Uye ini ndikati, “Uye ini—ini—ini handingazokwanise, havangazo—hvangazondinzwisisa.” Ndikati, “Ivo—ivo havanga—ivo havangambondinzwa.”

¹⁵⁵ Uye Akati, “Samuporofita Mosesi akapihwa zvipo 2, zviratidzo,” waro, “kusimbisa shumiro yake, saka newewo uchapihwawo 2—saka newewo unopihwa zvipo 2 kusimbisa shumiro yako.” Akati, “Chimwe chazvo chinenge chiri chekuti uchabata munhu wauri kunamatira neruoko, neruoko rwako

rweruboshwe nerudyi rwavo,” ndokuti, “zvino ingomira wakanyarara, uye rwuchava. . . pachava nezvinoitika panyama zvichaitika pamuviri wako.” Uye akati, “Wobva wanamata. Zvino kana chikabva, chirwere chabva muvanhu. Kana chisina kubva, ingokumbira ropafadzo wofamba uchienda.”

“Zvakanaka,” ndakati, “Changamire, ndinotya kuti havazondigamuchira.”

156 Akati, “Uye chinhu chinotevera chichava, kana vakasanzwa ichocho, zvino vachanzwa ichi.” Akati, “Zvino zvichaitika kuti iwe uchaziva chakavanzika chaicho chemoyo wavo.” Akati, “Ichi vachachinzwa.”

157 “Zvino,” ndakati, “Changamire, ndosaka ndauya pano manheru ano. Ndakaudzwa nevafundisi vangu kuti zvinhu izvozvo zvange zvichiuya pandiri hazvina kururama.”

158 Akati, “Wakaberekwa munyika ino nechikonzero ichocho.” (Munoona, “zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka.”) Akati, “Wakaberekwa munyika muno nechikonzero ichocho.”

159 Ini ndikati, “Zvinoka, Changamire,” ndakati, “izvo, vafundisi vangu vakandiudza izvozvo, kuti waiva mweya wa—wakaipa.” Ini ndikati, “Ivo. . . Ndosaka ndiri pano ndichinamata.”

160 Uye hezvino zvaAkataura kwandiri. Akandirondedzera kuuya kwaShe Jesu, panguva yaKe yekutanga. Zvino ndakati. . .

161 Chaishamisa ndechekuti, shamwari. . . Zvino, ndichambomira pano chaipo kwechinguvana, ndozodzokera. Chakaita kuti ndinyanyise kutya kupfuura dzimwe nguva, pese pandaisangana nemuuki, vaibva vacherechedza kuti pane chimwe chinhu chakaitika. Uye zvaingo. . . zvapakotsa zvandiuraya.

162 Semuyenzaniso, rimwe zuva ini nevanin’ina vangu vasiri vemumba taidzika zasi nemunzvimbo dze—dzemitambo, uye taingova vakomana, tichifamba zvedu. Saka paive nemuuki mudiki wekare ainge akagara mune rimwe rematende iwayo, mumwe mudzimai wechidiki, mudzimai wechidiki aitaridzika zvakanaka, ainge akagara ipapo. Zvino tose takanga tichienda, tichipfuura zvedu. Akati, “Nhai, iwe, huya pano zvishoma!” Zvino isu vakomana 3 takacheuka. Iye ndokuti, “Iwe une juzi rine mitsetse.” Aive ini.

163 Ini ndikati, “Hongu, amai?” Ndakafunga kuti pamwe aida kuti ndinomutsvagira Kokokora, kana chimwewo chakadaro. Uye aive mudzimai we—wechidiki, zvichida ari mumakore 20 neanoraudzira zvishoma, kana mamwe akadaro, akagara ipapo. Zvino ndakafamba ndichiuya, ndikati, “Hongu, amai, chii chandingakuitirai?”

164 Iye ndokuti, “Nhaiwe, wanga uchiziva here kuti pane chi—Chiedza chinokutevera? Wakazvarwa pasi pechimwe chiratidzo.”

Ini ndikati, “Muri kureveiko imi?”

165 Akati, “Zvinoka, wakazvarwa pasi pechimwe chiratidzo. Pane Chiedza chinokutevera. Wakazvarirwa kudana kwaMwari.”

Ndikati, “Ibvapo mhani, iwe mukadzi iwe!”

166 Ndakatanga kufamba ndichienda mberi, nekuti amai vangu vaigara vachindiudza kuti zvinhu izvozvo zvaiva zvadhiyabhore. Vaireva chokwadi. Saka ini . . . Zvakandityisa.

167 Zvino rimwe zuva pandakanga ndiri muchengeti wemhuka, ndaienda kumusoro ndiri mubhazi. Zvino ndakakwira bhazi. Nguva dzose ndaiita sekuva ndinokurumidza kunzwa mweya. Ndainge ndakamira ipapo, zvino mutyairi wengarava akanga akamira shure kwangu. Zvino ndakanga ndichienda kumusoro kunopatirora, uye ndakanga ndichikwidza kuHenryville Forestry, ndaiva mubhazi. Ndakaramba ndichinzwa chimwe chinhu chisinganzwisike. Ndakatarisa-tarisa ipapo, zvino paiva nemudzimai mu—muhombe mukobvu agere ipapo, akapfeka zvakanaka. Akati, “Wakadiniko?”

Ndikati, “Makadiniwo imi!”

168 Ndakafunga kuti aingovawo mudzimai, munoziva, aitura, saka ndakangoramba . . . Akati, “Ndinoda kutaura newe zvisroma.”

Ndikati, “Hongu, amai?” Ndakatendeuka.

Akati, “Waiziva here kuti wakazvarwa pasi pechimwe chiratidzo?”

169 Ndakafunga kuti, “Mumwe wevakadzi vaye vasinganzwisike.” Saka ndakangotarisa panze. Uye saka handina kumboti bufu, ndakangoramba . . .

170 Akati, “Ndingataurawo here newe zvisroma?” Ndakangoramba . . . Akati, “Usaite maitiro akadar.”

171 Ndakangoramba ndakatarisa mberi. Ndakafunga, “Hazviitwe nemurume kwaye izvi.”

Akati, “Ndinoda kutaura newe kwechinguvana.”

172 Ndakangoramba ndakatarisa mberi, uye ndaisamboda kana kumuteerera. Ndakabva ndakurumidza kufunga, “Ndinotenda kuti ndichaona kana akataura sezvinoita vamwe vese.” Ndakatendeuka, ndikafunga, “Oo, ini zvangu! Izvozvo zvinondivhundutsa, ndinoziva.” Nekuti, ndaivenga kuzvifunga. Ndakatendeuka.

173 Mudzimai uyu ndokuti, “Pamwe rega nditsanangure zvandiri.” Akati, “Ndiri munzveri wezvemuchadenga.”

Ndikati, “Ndafunga kuti muri zvakada kudaro.”

174 Akati, “Ndiri munzira yangu kuenda kuChicago kunoona mwanakomana wangu anova mushumiri weBaptist.”

Ndikati, “Hongu, amai.”

175 Akati, “Pane akambokuudza here kuti wakazvarwa pasi pechimwe chiratidzo?”

176 Ndikati, “Kwete, amai.” Ndakamunyepera ipapo, munoona, uye ndikati...ndaingoda kuona kuti aizoti kudii. Iye ndokuti...Ndikati, “Kwete, amai.”

Iye ndokuti, “Ko...Ko vashumiri havana kumbokuudza here?”

Ndikati, “Handina chekuita nevashumiri.”

Iye ndokuti, “Uh-huh.”

Zvino ndakati...iye—iye akati kwandiri...Ndikati, “Saka...”

177 Akati, “Kana ndikakuudza chaizvo pawakazvarwa, unganditenda here?”

Ndikati, “Kwete, amai.”

Iye ndokuti, “Zvakanaka, ndinogona kukuudza pawakaberekwa.”

Ndikati, “Handizvitende.”

178 Iye ndokuti, “Wakaberekwa musi wa 6 Kubvumbi, 1909, na 5 o'clock mangwanani.”

179 Ndikati, “Ndizvozvo.” Ndikati, “Munozviziva sei izvozvo?” Ndikati, “Udzai mutyairi wengarava ari pano paakazvarwa.”

Akati, “Handikwanise.”

Ini ndikati, “Sei? Munoziva sei?”

180 Akati, “Honai, changamire.” Akati, paakatanga kutaura nezvenyeredzi idzi zvino, zvino akati, “Makore akawanda zvakadai...” Akati, “Munorangarira here nyamatsatsi payakauya, iye yakatungamirira vachenjeri kuna Jesu Kristu?”

181 Zvino ndakaita sekumira, munoziva, ndikati, “Haa, hapana chandinoziva nezvechitendero.”

182 Iye ndokuti, “Zvinoka, wakanzwa nezvevarume vachenjeri vachiyaya kuzoona Jesu.”

Ndikati, “Hongu.”

Iye ndokuti, “Zvakanaka, murume muchenjeri aiva chii?”

“Oo,” ndikati, “vaingovawo varume vachenjeri, ndizvo chete zvandinoziva.”

183 Akati, “Zvakanaka, murume muchenjeri chii?” Akati, “Zvimwe chete nezvandiri ini, munzveri wezvemuchadenga, ‘muongorori wenyeredzi’ vanovadana kudaro.” Iye ndokuti,

“Unoziva, Mwari vasati vaita chero chinhu mu—munyika, Vanogara vachizvizivisa muchadenga, zvino tevere panyika.”

Ndikati, “Handizive.”

¹⁸⁴ Iye ndokuti, “Zvakana . . .” Akataura 2 kana 3, 2 . . . 3 nyeredzi, seMars, Jupiter, neVenus. Dzakanga dzisiri idzo, asi akati, “Dzakasangana mumakwara adzo ndokuuya pamwe chete ndokugadzira . . .” Akati, “Paiva nevachenjeri 3 vakauya kuzosangana naIshe Jesu, zvino mumwe akanga achibva kurudzi rwaHamu, uye mumwe Shemu, uye mumwe wacho Jafeti.” Uye akati, “Pavakasangana pamwe chete paBheterehema, nyeredzi 3 dzavaibva kwadziri . . . Munhu wese panyika,” akati, “vane chimwe chinhu chekuita nenyeredzi.” Akati, “Bvunza mutyairi wechikepe uyo kuti mwedzi paunoenda uye nyeredzi yemuchadenga painoenda, mafungu haafambe nawo uye ouya panyika.”

Ndikati, “Handingambomubvunza izvozvo, ndinozviziva.”

¹⁸⁵ Iye ndokuti, “Zvinoka, kuzvarwa kwako kune chekuita nenyeredzi kumusoro uko.”

Zvino ndakati, “Zvinoka, izvozvo inini handizive.”

¹⁸⁶ Iye ndokuti, “Zvino, vachenjeri 3 ava vakauya.” Uye akati, “Apo nyeredzi 3 idzodzo, padzaka . . . Vaibva kumativi akasiyana zvino vakasangana paBheterehema. Uye vakati vakaona uye vakabvunza, zvino mumwe akanga ari wedzinza raHamu, Shemu, naJafeti, vanakomana 3 vaNowa.” Iye ndokuti, “Vakabva vauya vakanamata Ishe Jesu Kristu.” Uye akati, “Pavakabva,” akati, “vakauya nezvipo uye vakaisa kwaAri.”

¹⁸⁷ Uye akati, “Jesu Kristu akataura mushumiro yaKe kuti kana Evhangeri iyi yaparidzwa kunyika dzose (vanhu vaHamu, Shemu, naJafeti), zvino Achadzoka zvakare.” Iye ndokuti, “Zvino, nyeredzi idzodzo, nyeredzi dzemuchadenga, padzinotenderera . . .” Akati, “Dzakaparadzana. Hadzina kuzombova panyika kubva ipapo, zvinozivikanwa. Asi” akati “pamazana emakore akatarwa ega-ega, dzinosangana pamadenderedzwa adzo sezvizvi.” Kana zvikaitika kuti pane munzveri wezvemuchadenga pano, unogona kuziva zvaaitaura nezvazo. Ini handizive. Saka paakanga achitaura . . . Akati, “Dzinosangana sekudaro.” Uye akati, “Mukurangarira Chipu chikurusa chaive chati chambopihwa kurudzi rwemunhu, Mwari pavakapa Mwanakomana waVo. Kana nyeredzi idzodzo dzasangana zvakare, handitika,” akati, “Vanotumira chimwe chipo panyika.” Uye akati, “Iwe wakazvarwa pakusangana kwenguva iyoyo.” Uye akati, “Ndicho chikonzero ndazviziva.”

¹⁸⁸ Saka, ndakabva ndati, “Amai, pekutanga chaipo, ini handitendi chero chinhu nezvazvo. Handisi munamati, uye handidi kunzwa zvachose pamusoro pazvo!” Ndakafamba ndichibvapo. Zvino saka ndakamudimburira munzira nekukurumidza chaiko. Saka ndakabva ndangobuda.

189 Uye nguva dzose chero . . . pandaisvika pane mumwe wavo, zvaingova saizvozvo. Zvino ndakafunga, “Seiko madhimoni aya achidaro?”

190 Ukuwo vaparidzi ava, vachiti, “Ndidhiyabhore! Ndidhiyabhore!” Vakaita kuti ndizvitende.

191 Zvino zvakare husiku ihwohwo kumusoro ikoko apo ini . . . paAkataura nezvazvo, ndakaMubvunza, ndikati, “Zvino, ko sei masvikiro ose aya nezvimwe zvakadaro, nevanhu ava vakagarwa nemadhimoni, vachigara vachindiudza pamusoro paZvo; asi vafundisi avo, hama dzangu, vanondiudza kuti ndezvemweya wakaipa?”

192 Zvino teererai kune zvaAkataura, Uyu Akaremba pamusoro apo mumufananidzo. Akati, “Sezvazvaiva kareko, ndizvo zvazviri nazvino.” Zvino Akatanga kutaura kwandiri, kuti, “Apo shumiro yaIshe wedu Jesu Kristu payakatanga kuitika, vashumiri vakati, ‘Akanga ari Bherizebhabhu, dhiyabhore’; asi madhimoni akati, ‘Akanga ari Mwanakomana waMwari, Uyo Mutsvene waIsraeri.’ Madhimoni . . . Uye tarisai Pauro naBhanabhasi pavakanga vari kumusoro uko vachiparidza. Vashumiri vakati, ‘Varume ava vanopidigura nyika. Vakaipa, ivo—ivo ndidhiyabhore.’ Zvino muuki mudiki wekare kunze uko munzira, akacherechedza kuti Pauro naBhanabhasi vakanga vari vanhu vaMwari, akati, ‘Vanhu vaMwari vanotiudza nzira yeHupenyu.’” Ndzivo here? “Masvikiro nevauki, vanhu vakagarwa nemadhimoni.”

193 Asi tinoipiswa zvikuru nedzidziso yebhaibheri kusvikira tichisina chatinoziva pamusoro pezveMweya. Ndinovimba munondida mushure meizvi. Asi ndizvo zvazviri. Ndinoreva Pentekostiwo, zvakare! Ndzivozvvo chaizvo. Kungodanidzira nekutamba hazvirevi kuti une chaunoziva nezveMweya.

194 Kusangana navo mbune, chiso nechiso, ndizvo zvaunoda. Ndiyo mhando yeChechi iyo Mwari vari kugadzirira kusimudza, ndizvozvvo, pavanouya pamwe chete muhumwe nesimba, muMweya.

195 Zvino Akanongedzera kune izvozvo. Uye Akandiudza kuti vashumiri vaisaZvinzwisisa sei, ndokundipa chivimbo chokuti vashumiri vakanga vatadza kuZvinzwisisa. Zvino paAkandiudza zvoze pamusoro peizvi uye kuti Jesu . . .

196 Ndakati, “Zvakanaka, ko izvi, zvinhu izvi zvinoitika kwandiri?”

197 Uye, munoona, Akati, “Izvozvo zvichatowanda uye zvonge zvichikura nekukura.” Zvino Akataura kwandiri, achindiudza kuti Jesu akazviita sei; kuti Akauya sei uye kuti Aiva neSimba raikwanisa kufanoziva zvinhu uye nekuudza madzimai patsime, akazviti haasi murapi, achiti aiita zvinhu izvozvo sekungoratidzwa kwaAitwa naBaba.

Ndikati, “Saka, iwoyo ungava mweya werudzii?”

Akati, “Waiva Mweya Mutsvene.”

¹⁹⁸ Zvino chimwe chinhu ipapo chakaitika mukati mangu, zvokuti ndakacherechedza kuti chinhu chacho chandakafuratira ndicho chaive chacho chandakaunzirwa naMwari pano. Uye ndakacherechedza kuti zvakanga zvakangofanana nevaFarise vava mumazuva akapfuura, vakanga vadudzira Magwaro zvisiri izvo kwandiri. Saka kubva ipapo ndakatora dudziro yangu pamusoro paZvo, zvakataurwa neMweya Mutsvene.

NdakaMuudza kuti, “Ndaizoenda.”

Iye akati, “Ndichava newe.”

¹⁹⁹ Zvino Mutumwa akapinda muChiedza zvakare chakatanga kuuya chichitenderera-tenderera, uye chichitenderera-tenderera, nekutenderera patsoka dzaKe saizvozvo, akakwira muChiedza ndokubuda kunze kwechivakwa.

Ndakaenda kumba ndava munhu mutsva.

²⁰⁰ Ndakaenda kucheche ndokuudza vanhu nezvazvo. Iwo... waiva musi weSvondo manheru.

²⁰¹ Zvino neChitatu manheru vakaunza mumwe mudzimai ikoko, mumwe wavana mukoti vekwaMayos ainge achifa nekenza, pasisina chinhu kunze kwemumvuri. Pandakafamba ndichidzika kunomubata, pakauya chiratidzo pamberi, chikaratidza adzokera ava mukoti zvakare. Uye ari pane mazita akanyorwa pasi muLouisville, “akafa kwemakore.” Hoyo ari kuJeffersonville zvino, ari mukoti, anga ari mukoti kwemakore. Nokuti, ndakatarisa kumusoro uko, ndikaona chiratidzo chacho. Ndakatendeuka, ndisingazive zvandaiita, ndakamira ipapo, ndakabvunda pavakauya nemurwere iyeye wekutanga ndokumuradzika pasi ipapo. Uye vanamukoti nezvimwe vakamira vakamupoterredza, uye iye akarara ipapo, nechiso chake chose chafovera mukati uye maziso ake ave mukati-kati.

²⁰² Margie Morgan. Kana muchida kumunyorera, pa 411 Knobloch Avenue, Jeffersonville, Indiana. Kana kuti nyorerai kuChipatara cheClark County, Jeffersonville, Indiana. Muitei kuti akupei cha—chapupu chacho.

²⁰³ Ndakatarisa pasi ipapo. Zvino murwere wekutanga iyeye ipapo, ndichiona apa pachibuda, hapo pachiuva chiratidzo. Ndakaona mudzimai iyeye ari mukoti zvakare, achifambafamba, akanaka uye akasimba uye ari mutano. Ndikati, “ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Uchararama uye hausi kuzofa!’”

²⁰⁴ Murume wake, murume akakurumbira zvikuru muzvinhu zvenyika ino, akandatarisa saizvozvo. Ndakati, “Changamire, musatya! Mudzimai wenyu achararama.”

205 Akandidaidza panze, akati...akadaidza vanachiremba 2 kana 3, akati, “Munovaziva here?”

Ndikati, “Hongu.”

206 “Handiti,” akati, “Ndakatamba gorofu naye. Akati, ‘Kenza yakanga yaputira ura hwake, hautogone kana kumugeza nemushonga unoiswa muura.’”

207 Ndikati, “Handina basa nezvaainazvo! Chimwe chinhu zasi umu, ndaona chiratidzo! Zvino Murume uya akandiudza, akati, chero chandaona, ndikachitaura zvino chichava saizvozvo. Zvino Akandiudza uye ndinozvitenda.”

208 Mwari ngavarumbidzwe! Mazuva mashoma kubva ipapo akanga ava kuzviwachira, achienda kwese-kwese. Anorema dzingaita 75kgs zvino, aine hutano hwakakwana.

209 Zvino pandakagamuchira, zvakabva zvaenda. Ipapo Robert Daugherty akabva andifonera. Zvino hezvinoi zvichienda, kunze zvichidzika nemuTexas, pasi rose.

210 Uye humwe husiku, kanenge ka 4 kana ka 5 kunze... Ndaisanzwisisa zvekutaura nendimi nezvimwe zvakadaro. Ndaitenda murubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ndichitenda kuti vanhu vaigona kutaura nendimi. Zvino humwe husiku pandaifamba kunze pa...mucathedral, San Antonio, Texas, ndichifamba kunze ikoko, mumwe mukomana mudiki agere kumusoro kuno akatanga kutaura nendimi sechifefe chiri kurira, kana kuti chigwagwagwa, nekukurumidza chaiko. Kumashure-shure, kumashure-shure chaiko uko, mumwe muchinda akasimuka ndokuti, “ZVANZI NAJEHOVHA! Murume uyo ari kufamba achienda kupuratifomu ari kuenda mberi neshumiro yakagadzwa naMwari Samasimba. Uye saJohane Mubhabhatidzi akatumwa senhungamiri yekutanga pakuuya kwaJesu Kristu, naiyewo akatakura Mharidzo ichakonzera Kuuya kweChipiri kwaIshe Jesu Kristu.”

211 Ndakada kunyura mushangu dzangu. Ndakasimudza musoro, ndikati, “Munomuziva here murume uyo?”

Akati, “Kwete, changamire.”

Ndikati, “Munomuziva here?”

Iye akati, “Kwete, changamire.”

Ndikati, “Munondiziva here?”

Akati, “Kwete, changamire.”

Ndakati, “Muri kuitei pano?”

212 Akati, “Ndakazviverenga mubepa.” Uye kazhinji... Ndihwo hwaiva husiku hwekutanga hwemusangano wacho.

Ndakatarisa ipapo uye ndikati, “Mauya sei kuno?”

213 Akati, “Vamwe vevanhu vangu vakandiudza kuti muchange muri pano, ‘mupodzi Mutsvene,’ zvino ndauya.”

Ndikati, “Imi mose hamuzivane here?”

Akati, “Kwete.”

²¹⁴ Oo, ini zvangu! Ipapo ndipo pandakaona kuti simba chairo reMweya Mutsvene. . . Apo pane imwe nguva kumashure uku ndakanga ndichifunga kuti zvakanga zvisina kururama, uye ndakaziva kuti ini. . . Mutumwa mumwe chete uyu waMwari aive akabatana nevanhu ivavo vaiva nezvinhu izvozvo. Kunyangwe vaive nezvekunyepedzera uye nezvakavhiringidzika zvakawanda uye nekubwabwada mazviri, asi mukati imomo maive nechinhu chechokwadi. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . Kristu. Uye ndakaona kuti cha—chaiva chokwadi.

²¹⁵ Oo, makore akapfuura, uye mumisangano vanhu vaiona, zviratidzo nezvimwe zvakadaro.

²¹⁶ Imwe nguva mutori wemifananidzo akaChitora mufananidzo pandakanga ndakamira zasi pane imwe nzvimbo muArkansas, ndinotenda kuti kwaiveko, mumusangano wakada kuita seuno, odhitoriyamu yakada kuita seino. Zvino ndakanga ndakamira, ndichiedza kuChitsanangura. Vanhu vaiziva, vaigara uye voteerera, maMethodisti, maBaptisti, maPresbyteriani, nevamwe vakadaro. Zvino ndakakaruka ndatarisa, chichipinda nepamukova, hecho Chichiuya, chichiti, “Whoosh, whoosh!”

²¹⁷ Ndakati, “Handichataura zvimwe zvakare, nekuti hecho Chasvika zvino.” Zvino Chakafamba chichikwira, uye vanhu vakatanga kudandizira. Chakauya kwandainge ndiri ndokugara ipapo.

²¹⁸ PaChakanga chava kugara, mumwe mushumiri akamhanya achiuya ndokuti, “Nhai, ndiri kuChiona!” Zvino Chakamurova kuita bofu cha—chaiko, akadzedzereka kumashure. Munogona kutarisa mufananidzo wake imomo chaimo mubhuku mozviona achidzedzereka kumashure nemusoro wake uri pasi saizvozvo. Munogona kuona mufananidzo wake.

²¹⁹ Uye ipapo Chakadzika. Mutori wemifananidzo webepanhau akaChitora panguva iyoyo. Asi Ishe vakanga vasati vagadzirira.

²²⁰ Zvino humwe husiku kuHouston, Texas, apo, oo, zviuru zvakapetwa zviuru zvevanhu. . . Takanga tiine 800 . . . 8,000 uko kwamunodaidza kuti, uko kuhoro yemimhanzi, ndokudzoka kuSam Houston Coliseum huru.

²²¹ Zvino ikoko mumangange emashoko husiku ihwohwo, apo muparidzi weBaptisti akati ini “ndakanga ndisiri chinhu kunze kwekuva munyengeri chaiye-iyeye uye munhu anonyepedzera, munhu anonyepedzera kunamata, uye ndichifanira kudzingirwa kunze kweguta” uye iye ndiye wacho aitofanira kuzviita.

²²² Hama Bosworth vakati, “Hama Branham, mungarega chinhu chakadaro chichiitika here? Bvumai kumisidzana naye!”

223 Ndikati, “Kwete, changamire, handitende mukukakavara. Vhangeri harina kuitirwa kukakavara, Rakaitirwa kurirarama.” Uye ini ndikati, “Zvisinei kuti wamugutsa zvakadini, anongoenda nenzira imwe cheteyo.” Ndikati, “Iye... hazvina chero mutsauko wazvaizombomuita. Kana Mwari vasingakwanise kutaura nemoyo wake, ko ndingazviitawo sei hangu?”

224 Zuva rakatevera rakabuda, ndokuti, “Zvinoratidza zvavakagadzirwa nazvo,” *Houston Chronicle*. Rinoti, “Zvinoratidza zvavakagadzirwa nazvo, vanotyva kumiririra zvavari kuparidza.”

225 Mutana Hama Bosworth vakauya kwandiri, vakanga vava nemakore anodarika 70 zvino, hama yakaisvonaka mutana, vakandimbundira neruoko rwavo, vakati, “Hama Branham,” vakati, “munoreva here kuti hamusi kunozvipikisa izvi?”

226 Ndikati, “Kwete, Hama Bosworth. Kwete, changamire. Handisi kuzozvipikisa.” Ndakati, “Hazvina chakanaka chazvinoita.” Ndikati, “Zvinongokonzera kupopotedzana patinobva papuratifomu.” Ndakati, “Ndiri kuita musangano zvino, uye handidi kuti zvinhu zvivhiringidzike saizvozo.” Ndikati, “Ingomusiyai aenderere mberi.” Ndikati, “Ndizvo zvega, ari kungohumana.” Ndakati, “Takambova navo ava kumashure, uye hapana kana zvazvinobatsira kutaura navo.” Ndakati, “Vanobva vaenda pakarepo, vakazvibata.” Ndikati, “Kana vakambogamuchira ruzivo rweChokwadi uye zvadaro vorega kuChigamuchira, Bhaibheri rakati vayambuka mutsara unoganhura uye havazombofa vakaregererwa munyika ino kana munyika inouya. VanoZvidaidza kuti ‘dhiyahbhere’ uye havana chavanogona kuita nezvazvo. Vakagarwa nemweya wekunamata unova dhiyahbhere.”

227 Vangani vanoziva kuti ichokwadi, kuti mweya wadhiyahbhere unonamata? Hongu, changamire, uchingova unotenda zvepamavambo sezvavangave. Uye saka, zvino, hazvina kunyatsoita zvakana pandataura kuti “zvepamavambo,” asi ichokwadi. “Vaine mufananidzo wehumwari asi vachiramba Simba racho.” Ndizvozo chaizvo. Zviratidzo nezvishamiso ndizvo zvinosimbisa Mwari, nguva dzose. Uye Vakati zvichava mumazuva ekupedzisira chinhu chimwe chete. Uye cherechedzai!

228 Mutana Hama Bosworth, Ini... vakanga vari kuzouya neni, uye vainge vakati netei. Vachangodzoka kubva kuJapan. Vainge vachifanira kuva pano. Vari kuzoenda kuLubbock pamwe neni. Uye saka vaive... vakanga vatatwa, nedziwa rakati nepi zvisihoma, saka havana kukwanisa kuuya pane uno, ivo nemudzimai wavo. Zvino saka ivo... .

229 Vese vakafunga kuti vaitaridzika saKarebhu. Vakamira ipapo, vakati, “Zvino, Hama Branham,” chimiro chiya chine

chiremerera, munoziva, vakati, “regai ndiende ndinozviita,” ndokuti, “kana musiri kuda henyu.”

²³⁰ Ndakati, “O Hama Bosworth, ini—ini handidi kuti muzviite. Munozotanga kukakavara.”

Vakati, “Hapasi kuzova neshoko 1 rekukakavara.”

²³¹ Zvino, ndisati ndavhara, teererai kune izvi. Vakaenda zasi ikoko. Ndakati, “Kana musingazokakavara, zvakanaka.”

Vakati, “Ndinovimbisa kusakakavara.”

²³² Vanhu vangangosvika 30,000 vakaungana muodhitoriyamu iyoyo manheru iwayo. Hama Wood, vagere neche apa, vakanga varipo panguva iyoyo, uye vakanga vagere muodhitoriyamu iyoyo. Uye ini . . .

²³³ Mwanakomana wangu akati, kana kuti . . . Mudzimai wangu akati, “Hausi kuenda here zasi kumusangano iwoyo?”

²³⁴ Ndikati, “Kwete. Handingaende zasi ikoko kunovanzwa vachikakavadzana. Kwete, changamire. Handingaende zasi ikoko kunozviteerera.”

Husiku pahwakasvika, chimwe Chinhu chakati, “Enda zasi ikoko.”

²³⁵ Ndakatora tekisi, munin’ina wangu, nemudzimai nevana vangu, tikadzikako. Zvino ndakanga ndakwira kumusoro-soro mubharukoni nhamba 30, kumusoro-soro kwakadaro, ndokugara pasi.

²³⁶ Mutana Hama Bosworth vakafamba vachiendako semumiriri wenyika mutana, munoziva. Vakanga vanyora pasi dzimwe . . . Vakanga vane vimbiso 600 dzakasiyana-siyana dzemuBhaibheri dzakanyorwa kubva mariri. Vakati, “Zvino, Chiremba Best, kana mukauyawo kumusoro kuno motora imwe yevimbiso idzi moipikisa neBhaibheri. Imwe neimwe yevimbiso idzi iri muBhaibheri, iri maringe naJesu Kristu achipodza vanorwara muzuva rino. Kana mukagona kutora imwe yevimbiso idzi uye, neBhaibheri, moipikisa neBhaibheri, ndinogara pasi, ndokugwinhai chishanu, ndoti, ‘Zvamareva ndizvo.’”

²³⁷ Vakati, “Ndichaona nezvazvo kana ndasvika kumusoro ikoko!” Vaida kwekupedzisira kuti vagone kunyatsonyadzisa Hama Bosworth, munoona.

²³⁸ Saka Hama Bosworth vakati, “Zvakanaka, Hama Best, ndichakubvunzai 1, uye kana mukandipindura kuti ‘hongu’ kana kuti ‘kwete,’” vakati, “tinongobva tapedza nhaurirano yacho izvozvi.”

Ivo ndokuti—ndokuti, “Ndichaona nezvazvo!”

Vakakumbira sachigaro kana vaigona kuvabvunza. Akati, “Hongu.”

239 Vakati, “Hama Best, mazita aJehovha erudzikinuro airevera kuna Jesu here? ‘Hongu’ kana ‘Kwete?’”

240 Zvakabva zvakapinda nyaya yacho. Ndizvo zvega. Ndinokuudzai, ndakangonzwa chimwe chinhu chichingofamba nemose mandiri. Handina kumbofunga nezvazvo, ini pachangu, munooni. Zvino ndakafunga, “Oo, ini zvangu, havakwanisi kupindura! Zvinobva zvazvisunganidza.”

Vakati, “Zvinoka, Chiremba Best, ndi—ndino katyamadzwa.”

Ivo vakati, “Ndichaona nezvazvo!”

241 Vakati, “Ndinokatyamadzwa kuti hamugone kupindura mubvunzo wangu wakarerukisa wacho.” Vainge vakangozvidzikamirwa havo, uye vaiziva pavakanga vamire. Saka vakabva vagara zvavo pasi ipapo neGwaro iroro.

Vakati, “Torai maminetsi enyu 30, ndichapindura mushure maizvozvo!”

242 Zvino mutana Hama Bosworth vakagara ipapo ndokutora Gwaro iroro ndokusungirira murume iyeye panzvimbo yekuti chiso chake chakatsvuka zvokuru zvekuti waigona kukwenya machisi pachiri, potse.

243 Vakasimuka kubva ipapo, vakagumbuka, ndokukandira mapepa kwakadaro pasi, ndokuenda kumusoro ikoko ndokuparidza mharidzo yakanaka yechiCampbellite. Ndaimbove muBaptisti, ndinoziva zvavanotenda. Havana kumbo... Vakanga vachiparidza nezverumuko, “kana ichi chinofa chafuka kusafa, ndipo patichava nekupodza kwaMwari.” Oo, ini zvangu! Chii chatinodiira kupodza kwaMwari mushure mekunge tava vanhu vasingafe (“kana ichi chinofa chafuka kusafa,” kumuka kwevakafa)? Vakapokana chishamiso chakaitwa naJesu pana Razaro, vakati, “Akafa zvakare, uye chakanga chiri chinhu chenguva shoma.” Maona?

244 Zvino pavakapedza saizvozvo, vakati, “Hunzai mupodzi Mutsvene iyeye ndimuone achizviita!”

245 Vakave nekavuhiringana kadiki ipapo. Hama Bosworth vakati, “Mandishamisa, Hama Best, kusapindura mubvunzo 1 wandakubvunzai.”

246 Zvino saka vakabva vaita hashu ipapo, vakati, “Hunzai mupodzi Mutsvene iyeye ndimuone achizviita!”

Vakati, “Hama Best, munotenda here kuti vanhu vanoponeswa?”

Vakati, “Chokwadi!”

Vakati, “Mungada here kunzi muponesi Mutsvene?”

Vakati, “Zvirokwazvo kwete!”

247 “Kunyangwewo... Izvozvo hazvingakuitei kuti munzi muponesi Mutsvene nekuti maparidza ruponeso rwemweya.”

Vakati, “Zvinoka, zvirokwasvo kwete!”

²⁴⁸ Vakati, “Hazvingaitewo Hama Branham mupodzi Mutsvene nekuti vaparidza kupodza kwaMwari pamutumbi. Havasi mupodzi Mutsvene, vanonongedzera vanhu kuna Jesu Kristu.”

²⁴⁹ Zvino vakati, “Muunzei kuno, itai kuti ndimuone achizviita! Regai ndizotarisa vanhu vacho, gore kubva nhasi, uye ndichakuudzai kuti ndichaZvitenda here kana kuti kwete.”

²⁵⁰ Hama Bosworth vakati, “Hama Best, zvinoita seimwe nyaya paKarivhari yekuti, ‘Buruka paMuchinjikwa uye tichaKutenda.’” Maona?

²⁵¹ Zvino saka, oo, vakabva vatonyatsoputika chaizvo. Vakati, “Ngandimuoneka achizviita! Ngandimuoneka achizviita!” Vatariri vakavaita kuti vagare pasi. Vakafamba vachientako, zvino pakanga paine muparidzi wechiPentekosti ainge akamirapo, vakangomuwatsura-watsura papuratifomu. Saka zvino vakabva vavamisa. (Saka Hama Bosworth vakati, “Nhawe, nhawe! Aiwaka, aiwaka.”) Saka vatariri vakavaita kuti vagare pasi.

²⁵² Raymond Richey akasimuka, akati, “Aya ndiwo maitiro eSouthern Baptist Convention here?” Akati, “Imi vashumiri veBaptisti, Southern Baptist Convention ndiyo yakatumira murume uyu kuno here kana kuti akazviuyira ega?” Havana kupindura. Akati, “Ndakubvunzai!” Aivaziva, mumwe nemumwe.

²⁵³ Vakati, “Akauya ega.” Nekuti ndinoziva kuti maBaptisti anotendawo mukupodza kwaMwari, zvakare. Saka vakabva vati, “Akauya ega.”

²⁵⁴ Saka zvino hezvino zvakaitika zvino. Zvino Hama Bosworth vakati, “Ndinoziva kuti Hama Branham vari mumusanganano muno, kana vachida kuuya kuzoparadzanisa ungoro, zvakanaka kwazvo.”

Saka Howard akabva ati, “Garai makadzikama!”

Ndikati, “Ndigere ndakadzikama.”

²⁵⁵ Uye ipapo chimwe Chinhu chakauya, ndokutanga kutenderera, zvino ndakaziva kuti Yakanga iri Ngirozi yaShe, ndokuti “Simuka!”

²⁵⁶ Vanhu vangangosvika 500 vakaisa maoko avo pamwe chete sezvizi, ndokugadzira nzira, ndichiuya papuratifomu.

²⁵⁷ Ndakati, “Shamwari, handisi mupodzi Mutsvene. Ndiri hama yenyu.” Ndakati, “Hama Best, pasina...” Kana kuti, “Hama Best,” ndakati, “pasina kana kukuzvidzai, hama yangu, kwete zvachose. Mune kodzero kune zvamunotenda, kana neniwo.” Ndikati, “Hongu, munoona kuti hamuna kukwanisa kuzviratidza izvozvo, pfungwa yenyu, naHama Bosworth. Uye hamuna kukwanisazve kana naani zvake anonyatsonzwisisa

Bhaibheri, anoziva zvinhu izvozvo.” Ndikati, “Zvino kana zviri zvekupodza vanhu, handikwanise kuvapodza, Hama Best. Asi ndiri pano manheru ega-ega, kana muchida kuona Ishe vachiita zvishamiso, huyai henyu. Vanozviita manheru ega-ega.”

²⁵⁸ Ivo ndokuti, “Ndinoda kukuonai muchipodza mumwe munhu zvino ndigovatarisa! Munogona kuvadzungaidza nekudzungaidza kwenyu, asi” vakati, “ndinoda kuzviona mugore kubva ipapo!”

Ndikati, “Zvakanaka, muchava nekodzero yekuvaongorora, Hama Best.”

²⁵⁹ Vakati, “Hapana chimwe kunze kwekuva boka revaumburuki vatsvene mafuza rinotenda muzvinhu zvakadaro. MaBaptisti havatendi mune zvisina maturo zvakadaro.”

²⁶⁰ Hama Bosworth vakati, “Chimbomirai zvishoma.” Vakati, “Vanhu vangani kunze uko, mumusangano uyu wemavhiki 2 pano, vakamira zvakanaka nemachechi akanaka aya eBaptisti muno muHouston, vanogona kuratidza kuti wakapodzwa naMwari Samasimba Hama Branham pavanga vari pano?” Zvino vanopfuura 300 vakasimuka. Vakati, “Ko izvoka izvo?”

²⁶¹ Ivo ndokuti, “Havasi maBaptisti avo!” Vakati, “Chero ani zvake anogona kupupura chero chinhu, zvakadaro hazvireve kuti ndizvo!”

²⁶² Vakati, “Shoko raMwari rinoti ndizvozvo, uye haugone kuzvipikisa. Uye vanhu vanoti ndizvozvo, uye haugone kudududza pazviri. Saka muchaitai pamusoro paZvo?” Munoono, saizvozvo.

²⁶³ Ndikati, “Hama Best, ndinotaura Chokwadi chete. Uye kana ndiri kureva chokwadi, Mwari vanosungirwa kutsigira Chokwadi.” Ndakati, “Kana Vasiri...Kana Vakasatsigira Chokwadi, saka haVasi Mwari.” Ini ndikati, “Handipodze vanhu. Ndakazvarwa ndine—ndine chipo chekuona zvinhu, kuzviona zvichiitika.” Ndakati, “Ndinoziva kuti handinzwisise, asi hapana chimwe chandinogona kuita kunze kwekuzadzisa zvandinotenda mumoyo mangu.” Ndakati, “Ndinotenda kuti Jesu Kristu akamuka kubva kuvakafa. Uye kana Mwari ukauya woratidza zviratidzo nezvimwe zvakadaro, kana zviine mubvunzo, huyai muzoona.” Ndikati, “Ndizvo zvega.” Asi ndakati, “Asi ini pachangu, handina chinhu chandinogona kuita ini pachezvangu.” Ini ndikati, “Kana ndichitaura Chokwadi, Mwari vane mungava kwandiri, kupupura kuti IChokwadi.”

²⁶⁴ Zvino panguva iyoyo, chimwe Chinhu chakati, “Whooooossh!” Hoyo Achiuya, achitodzika zasi. Zvino ve American Photographer Association, ve Douglas Studios muHouston, Texas, vaine kamera hombe yakaiswa ipapo (vakarambidzwa kutora mifananidzo), vakatora mufananidzo wacho.

265 Zvino pavakanga varipo kuti vatore mifananidzo yaVaBest, zvino ivo—ivo vakati, ndisati ndadzika zasi ikoko, vakati, “Mirai zvishoma! Ndine mapepa anoiswa mifananidzo 6 ichabuda pano!” Akati, “Pano, tora mufananidzo wangu zvino!” Zvino vakaisa munwe wavo mumhino dzemurume mutsvene mutana iyeye, sekudai, vakati, “Zvino torai mufananidzo wangu!” Uye vakadaro. Vakabva vakunga chibhakera chavo ndokuchisimudza, vakati, “Zvino torai mufananidzo wangu!” Ivo ndokuutora saizvozvo. Vakabva vaita sokudai, kuti vapozere mufananidzo wavo. Vakati, “Muchaona izvi mumagazini rangu!” saizvozvo.

266 Hama Bosworth vakamira ipapo uye havana kumbotaura chinhu. Vakabva vangotora mufananidzo weiChi.

267 Munzira yokuenda kumba husiku ihwohwo, (mukomana wechiKatorike akautora), akati kune mumwe mukomana uyu, akati, “Unofungei pamusoro paIzvozvo?”

268 Akati, “Ndinoziva kuti ndakamutsoropodza. Humbu iya yakabva pahuro pemukadzi uya, ndakati akamudzungaidza.” Akati, “Ndinogona kunge ndaikanganisa pane izvozvo.”

Akati, “Unofungei nezvemufananidzo uya?”

“Handizive.”

269 Vakauisa muasidhi. Heuno mufananidzo wake, munogona kumubvunza kana muchida. Vakaenda kumba, akagara ipapo ndokusvuta mudzanga. Akapinda ndokuburitsa mumwe waHama Bosworth, painge pasina chinhu. Akaburitsa wechi 2, 3, 4, 5, 6, zvino yese zvayo yakanga isina chinhu. Mwari havana kutendera mufananidzo wemutana waVo mutsvene akamira ipapo nemunyengeri uye, nemhino yake, kana ruoko, chibhakera chichibvunda pasi pemhino yavo saizvozvo. Havana kuzvitendera.

270 Vakaburitsa waitevera wacho, uye heunoi uYu. Murume uyu moyo wake wakakundika, vakadaro, husiku ihwohwo.

271 Zvino vakatumira neghativhi iyi kuWashington, DC. Yakapiwa kodzero dzekusakoponorwa, ikadzoswa.

272 Zvino George J. Lacy, mukuru weF.B.I. mune zvidhindo zveminwe nezvinyorwa, nezvimwe zvakadaro, mumwe wevakurusa variko pasi rose, akaunzwa ikoko ndokuita mazuva 2 pairi kuti aongorore kamera, zviedza, nezvimwe zvese. Zvino patakauya masikati iwayo, akati, “Mufundisi Branham, ndanga ndiri mutsoropodzi wenyu, zvakare.” Akati, “Zvino ndakati kwaiva kushandisa pfungwa, mumwe munhu akati vakanga vaona Zviedza izvozvo nezvinhu zvakadaro.” Uye akati, “Munoziva, munyengeri wekare aigara achitaura kuti” (aireva asingatendi) “mifananidzo iya iriko, chiedza chiya pana Kristu, pavatsvene,” akati, ‘kwaingovawo zvako kushandisa pfungwa.’” Asi akati, “Mufundisi Branham, ziso remuchina

wekamera iyi haritore zvepfungwa! Chiedza ichi chakatorova ziso rekamera, kana kuti chakarova negetivhi, zvino heChoka icho.” Zvino akati. . .

²⁷³ Ndakautambidza kwavari. Akati, “Oo, changamire, munoziva here kukosha kwawo?”

Ini ndikati, “Kwete kwandiri, hama, kwete kwandiri.” Zvino saka iye akati. . .

²⁷⁴ “Hongu, hamufe makava nezvaunoreva kana muchiri kurarama, asi rimwe zuva, kana budiro yehungwaru ikafambira mberi uye Chikristu chikaramba chiripo, pachava nechimwe chinhu chichaitika pamusoro pawo.”

²⁷⁵ Saka, shamwari, manheru ano, kana uno uri iwo musangano wedu wekupedzisira panyika pano, iwe neni takagara muHupo hwaMwari Samasimba. Chapupu changu ndechekwadi. Zvinhu zvakawanda, kwazvo, zvingatora mabhuku makuru chaiwo kuzvinyora, asi ndinoda kuti muzive.

²⁷⁶ Vangani vari muno vasina chaizvo, vasina mufananidzo wacho, vakaona Chiedza pachaCho chakamira pandaive ndichiparidza? Simudzai maoko enyu, kwese-kwese muchivakwa, chero ani hake akamboChiona. Munoono, maoko angangoita 8 kana 10 vakagara pano.

²⁷⁷ Unoti, “Vaigona—vaigona kuChiona uye ini ndotadza kuChiona?” Hongu, changamire.

²⁷⁸ Nyeredzi iya—iya yaiteverwa nevarume vachenjeri vaya, yakapfuura nzvimbo dzese dzekuongorora zvemuchadenga. Hapana akaIona kunze kwavo. Ndivo vega vakaIona.

²⁷⁹ Eria akanga akamirapo akatarisa ngoro dzose dziya dzichipfuta moto, nezvimwe zvole. Zvino Gehazi akatarisatarisa, haana kudziona chero kupi zvako. Mwari vakati, “Vhurai meso ake kuti aone.” Ndokubva adziona, munoono. Asi akanga ari mukomana akanaka, akamira ipapo achitarisa-tarisa, asi akanga asingazvione. Chokwadi. Zvinopihwa kuti vamwe vaone, uye kuti vamwe vasaone. Uye ichokwadi.

²⁸⁰ Asi zvino imi musina kumboChiona, musati mamboChiona, uye nemi makaChiona neziso renyu renyama uye musati mamboona mufananidzo wacho, zvakadaro avo vakaona mufananidzo vane humbowo hukuru kupfuura imi makaChiona neziso renyu renyama. Nekuti iwe, neziso rako renyama, unogona kunge wakaona zvisizvo, anogona kunge aive madzengerere. Ndizvo here? Asi iChi haasi madzengerere, iChi iChokwadi, apo tsvakurudzo yesainzi inoratidza kuti Ichokwadi. Saka Ishe Jesu ndivo vakaita izvi.

“Munofunga kuti Chii zvino,” munoti, “Hama Branham?”

²⁸¹ Ndinotenda kuti ndiYo Shongwe yeMoto imwe chete yakatungamirira vana veIsraeri kubva kuEgipita kuenda kuParastina. Ndinotenda kuti ndiYo Ngirozi imwe chete

yeChiedza yakauya mu—mutirongo ndokupinda kuna Mutsvene Petro ndokumubata, ndokuenda kumberi ndokuvhura gonhi nekumuisa kunze kuchiedza. Uye ndinotenda kuti NdiJesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Amen! Ndiye Jesu mumwe chete nhasi zvaAiva nezuro. Acharamba ari Jesu mumwe chete nekusingaperi.

²⁸² Uye ndichiri kutaure nezvaCho, Chiedza chimwe chete ichocho chiri pamufananidzo chiri pane...chimire mafiti asingasvike 2 kubva pandimire izvozvi. Ndizvozvo. Handikwanise kuChiona nemaziso angu—angu, asi ndinoziva kuti Chakamira pano. Ndinoziva kuti Chakagara mukati mangu izvozvi. Oo! Dai waingoziva musiyano wacho kana simba raMwari Samasimba rabata, uye kuti zvinhu zvinoratidzika zvakasiyana sei!

²⁸³ Uku kukudenhai, chero ani zvake. Ndanga ndisiri kuzonamatira vanhu vanorwara, ndanga ndiri kuzongokumikidza. Asi chiratidzo chakaremba pamusoro pevanhu. Uh-huh. Mwari vanoizviva. Handisi kuzodaizira mutsara wekunamatira vanhu, ndichangokusiyai makagara ipapo. Vangani venyu imi vanhu vasina kadhi rekunamatirwa? Ngationei ruoko rwenyu, mumwe munhu asina kadhi rekunamatirwa, asina kadhi rokunamatirwa.

²⁸⁴ Mudzimai wechitema agere apa, ndiri kuona manga makasimudza maoko enyu. Ndizvo here? Chingosimukai kuti ndikunanganidzei zvishoma kubva pane ruzhinji. Handizive kuti Mweya Mutsvene uchati kudii, asi makanditarisa nekutendeseka kwose. Hamuna kadhi rekunamatirwa? Kana Mwari Samasimba vakandizarurira dambudziko renyu...Ndiri kungoita izvi kuti nditange, kuti ndingwana pekutangira. Munonditenda here kuva...Munoziva kuti hapana...hapana kana chinhu 1 chakanaka pandiri. Kana muri mudzimai akaroorwa, handina chimwe chinodarika murume wenyu. Ini ndingoriwo murume. Asi Jesu Kristu ndiye Mwanakomana waMwari, uye Akatumira Mweya waKe kuzosimbisa zvinhu izvi.

²⁸⁵ Kana Mwari vakandiudza chiri kukunetsai (uye muchiziva kuti hapana nzira yekuti ndimbobatana nemi zvachose), muchatenda nemoyo wenyu wese here? [Hanzvadzi inotaura kuna Hama Branham—Mupepeti] Mwari vakuropafadzei. Zvino B.P. yenga yakakwira yakusiyai. Ndiyo yamanga muinayo. Handizvo here? Zvino chigarai henyu pasi.

²⁸⁶ Ingozvitendai chete pane imwe nguva! Ndinodenda ani zvake kuti aZvitende.

²⁸⁷ Tarisai kuno, regai ndikuudzei chimwe chinhu. Marita, achiuya kunaIshe Jesu. Chipa ichocho chingadai chisina kumboshanda...Mushure mekunge Baba vatoMuratidza zvaVaizoita. Chingadai chisina kumboshanda. Asi akati, “Ishe, ini...Dai Maive pano, hanzvadzi yangu ingadai isina kufa.”

Akati, “Asi ndinoziva kuti kunyangwe iye zvino chero chipi chaMunokumbira Mwari, Mwari vachachipa kwaMuri.”

²⁸⁸ Akati, “Ndini Rumuko neHupenyu, anotenda maNdiri kunyange achinge akafa, zvakadaro achararama. Uye ani naani anorarama uye achitenda maNdiri haangatongofi. Unozvitenda here izvi?”

²⁸⁹ Teerera! Kune zvaakataura. Akati, “Hongu, Ishe. Ndinotenda kuti zvese zvaMataura iChokwadi. Ndinotenda kuti Muri Mwanakomana waMwari aifanira kuuya panyika.” Ndiwo masvikiro ake, mukuzvininipisa.

Munonzwa zvakasiyana, handizvo here, amai? Hongu. Ndizvozvo chaizvo.

²⁹⁰ Mudzimai mudiki akagara apo chaipo, apo ari padivi penyu, zvakare, ari kutambudzika nearthritis nedambudziko remadzimai. Handizvo here, amai? Simukai kwekanguvana, mudzimai mudiki akapfeka rokwe dzvuku. Manga muri pedyo kwazvo, chiratidzo chauya kwamuri. Arthritis, dambudziko remadzimai. Ndizvo here? Uye hechino chimwe chinhu muhupenyu hwenyu (mune—mune kutarisa kwakananga nezvenyu): mune kushushikana kwakawanda muhupenyu hwenyu, matambudziko mazhinji. Uye dambudziko roro riri pamusoro pemudikani wenyu, murume wenyu. Iye chidhakwa. Haadi kuenda kucheche. Kana zvirizvo, simudzai ruoko rwenyu. Mwari vakuropafadzei, amai. Endai kumba zvino uye munogamuchira ropafadzo renyu. Mapodzwa, pava nechiedza pamuri.

²⁹¹ Murume akagara pedyo naye apo. Imi, changamire, munotenda here? [Hama inoti, “Hongu. Ndinotenda.”—Mupepeti] Nemoyo wenyu wese? [“Hongu, changamire.”] Makarasikirwa neimwe yepfungwa dzenyu. Ipfungwa yekunhuwidza. Handizvo here? Kana zvirizvo, ninirai ruoko rwenyu. [“Ndizvozvo.”] Isai ruoko rwenyu kumuro wenyu, sezvizvi, itai, “Ishe Jesu, ndinoKutendai nemoyo wangu wese.” [“Ishe Jesu, ndinoKutendai nemoyo wangu wese.”] Mwari vakuropafadzei. Endai zvino. Muchagamuchira kupodzwa kwenyu.

²⁹² Iva nekutenda muna Mwari! Imi mose munofungei pamusoro paZvo, kumashure uko? Munotenda here? Ivai nekuremekedza!

²⁹³ Pane mudzimai akagara kumashure uko chaiko mukona. Ndiri kuona Chiedza icho chakaremba pamusoro pake. Ndiyo nzira chete yandinogona kuziva nezvazvo, Chiedza ichocho chakaremba. Chiedza *ichi* chiri pano chaipo chakaremba pamusoro pemudzimai. Zvichida muminiti imwe chete, kana ndikakwanisa kuona kuti chii. Chichazaruka. . . Mudzimai ari kutambudzika ne—nedambudziko remoyo. Akatarisa kwandiri chaiko.

294 Uye murume wake akagara pedyo naye. Uye murume wake ane humwe hurwere, atonge izvozvi achirwara, achivhiringwa mudumbu, achirwara. Handizvo here, changamire? Simudzai maoko enyu kana chiri chokwadi. Ndizvozvo, ndimi, amai, vane sikavha diki apo. Baba, handizvo here? Manga musiri kuita sekuvhiringwa mudumbu here nhasi? Mune mudumbu musina kuita zvakanaka, murume wacho. Ndizvozvo.

295 Mese munotenda nemoyo wenyu wese here, muri vaviri? Munozvigamuchira here? Changamire, ndinokuudzai, nemiwo, ndiri kukuonai makasimudza ruoko rwenyu, tsika yekuputa fodya. Regai kuita izvozvo. Munoputa ndudu, hamufanirwe kuita izvozvo, zvinokurwarisai. Handizvo here? Kana zviri izvo, ninirai ruoko rwenyu sezvizvi. Ndizvo zviri kukuvhiringidzai. Zvakaipa patsinga dzenyu dzemanzwiro. Rasai chinhu chakaipa uye musazozviita zvakare, zvino muchazvikurira mobva mapora, uye dambudziko remoyo remudzimai wenyu richabva ramusiya. Munozvitenda here? Handizvo here? Handisi kukwanisa kukuonai kubva pano, uye munozviziva izvozvo, asi makatakura fodya mune. . . mu—muhomwe yenyu yepamberi. Ndizvozvo chaizvo. Buditsai zvinhu zvacho panze uye moisa ruoko rwenyu pamudzimai wenyu, udzai Mwari kuti mapedza nemhando yezvinhu izvozvo, muchaenda kumba mapora, imi nemudzimai muchapora. Zita raIshe Jesu ngarirumbidzwe!

Munotenda here nemoyo wenyu wese?

296 Mudzimai mudiki uyu agere apa akanditarisa pano. Imi muri pane. . . apo pachigaro chepamberi pano, mugere pano chaipo. Mudzimai mudiki ane. . . akanditarisa, akagara apo chaipo. Hamu. . . Mune kadhi rekunamatirwa here, amai, apa chaipo? Hamuna kana kadhi rekunamatirwa here? Munotenda nemoyo wenyu wese here? Munotenda here kuti Jesu Kristu anogona kukupodzai?

297 Munofungei pamusoro paZvo, imi mugere parutivi rwavo? Mune kadhi rekunamatirwa here, amai? Hamuna? Munoda kuporawo, zvakare here? Hamungade here kuenda kunodya zvakare sezvamaisiita, mova nedambudziko remudumbu rapera? Munotenda here kuti Jesu anokupodzai zvino? Simukai kana muchitenda kuti Jesu Kristu akupodzai. Manga muine mudumbu mune maronda, manga musina here? Zvinokonzerwa nechinhano chekuhuta-huta. Manga muchihuta-huta kwenguva yakareba. Kunyanya maasidhi nezvinhu, kana kuti ndinoreva zvinogadzira asidhi, uye zvoita kuti mazino ave neugugu pamunodzvova chikafu chenyu chichidzoka mukanza menyu. Ichokwadi. Hongu, changamire. Ironda remudumbu, ranga riri kuzasi kwemudumbu menyu. Rinopisa dzimwe nguva mushure mekudya kunyanya tosti ine bhata pairi. Ndizvo here? Handisi kuverenga pfungwa dzenyu, asi Mweya Mutsvene haukundike. Mapodzwa zvino. Endai henyu kumba, muite zvakanaka.

298 Ko madini kumashure neche divi iri? Vamwe venyu vari ikoko vasina kadhi rekunamatirwa, simudzai ruoko rwenyu. Mumwe munhu asina makadhi ekunamatirwa. Zvakanaka, ivai nekuremekedza, tendai nemoyo wenyu wese. Ko kumusoro uko mubharukoni? Ivai nekutenda muna Mwari.

299 Handikwanise kuita izvi mandiri pachangu, inyasha dzaVo dzega dzekuzvitongera. Munotenda here? Ndinogona kutaura chete zvaVanondiratidza. Sekutenda kwenyu... Ndinotaura izvozvo kuzunguza kutenda kwenyu, zvino ndoona nzira yaVanonditungamira nayo. Macherechedza here kuti uyu—uyu haasi hama yenyu? Makamira muHupo hwaVo. Handisi ini ndiri kuita izvi, kutenda kwenyu ndiko kuri kuChishandisa. Handikwanise kuChishandisa. Kutenda kwenyu ndiko kuri kuzviita. Handina nzira yekuChishandisa. Mirai zvishoma.

300 Mukona iyi ndiri kuona murume wechitema akagara apo, akaita sewechikuru, akapfeka magirazi. Mune kadhi rekunamatirwa here, changamire? Simukai netsoka dzenyu zvishoma. Munonditenda here kuti ndiri muranda waMwari, nemoyo wenyu wese? Muri kufunga nezvemumwe munhu, hamusi here? Kana zviru izvo, ninirai ruoko rwenyu. Kwete nekuti ndini, hama yenyu. Zvino, hamuna kadhi rekunamatirwa. Hapaizova neimwe nzira yekuti mupinde mumutsara, nekuti hamuna kadhi rekunamatirwa. Zvino, kana vamwe venyu muine makadhi ekunamatirwa, musa—musa—musasimuke, munoona, nekuti muchawana mukana wekupinda mumutsara.

301 Asi ndiri kuona Chiedza icho chakaremba pamusoro pemurume uyo. Hachisati chava chiratidzo nazvino. Handikwanise kukupodzai, hama, handikwanise. Mwari chete ndivo vanogona kuita izvozvo. Asi kwenyu... kwenyu... mune kutenda. Muri kutenda. Uye pane chimwe—chimwe chinhu, chaka—chakazvikonzera, neimwe nzira.


302 Kana Mwari Samasimba vakaudza murume uyu dambudziko rake, imi mose muchagamuchira kupodzwa kwenyu here? Pane murume, akamira zvinokwana mayadhi 10, 15 kubva pandiri, handisati ndambomuona muhupenyu hwangu. Anongova murume akamira ipapo. Kana Mwari Samasimba vakazarura zviru kunetsa pamurume uyo, mumwe nemumwe wenyu anofanira kufamba achibuda muno ari munhu apora. Chii chimwe chingaitwa naMwari? Ndizvo here?

303 Changamire, hapana chakakanganisika nemi. Hamuna simba, munomuka zvishoma husiku, prostate nezvimwe zvakadaro, asi handiro dambudziko renyu. Dambudziko renyu rine chekuita nemwanakomana wenyu. Uye mwanakomana wenyu ari mune chimwe chipatara chakaita sechehurumende, uye ane hunhu huviri. Ndizvo here? Ninirai ruoko rwenyu kana zvirizvo. Ndizvozvo chaizvo.

³⁰⁴ Vangani vanotenda zvino kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari amire pano? Ngatisimukei tipe rumbidzo uye tigamuchire kupodzwa kwedu.

³⁰⁵ Mwari Samasimba, Muvambi weHupenyu, Mupi wechipo chose chakanaka, Muri pano, Ishe Jesu Kristu mumwe chete, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

³⁰⁶ Uye, Satani, wanyepera vanhu ava kwenguva yakarebesa, buda mavari! Ndinokuraira naMwari vapenyu Vane Hupo huri pano zvino muchimiro cheShongwe yeMoto, siya vanhu ava! Uye ubude mavari, muZita raJesu Kristu!

³⁰⁷ Mumwe nemumwe wenyu simudzai maoko enyu murumbidze Mwari, uye mugamuchire kupodzwa kwenyu, mumwe nemumwe. 

55-0117 Kuuya Kwakaita Ngirozi Kwandiri, Nekuraira KwaYo
Lane Tech High School
Chicago, Illinois U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuperadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org